ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№2 (22.160) ● 2012 гъэм щІышылэм (январым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин Владимир КъБР-м псынщІэу зиужьу къелъытэ

Властыр егупчъу щылажьэ щІыналъэ зызыужьахэм Къэбэрдей-Балькъэрыр ятъэщІыхьэу хуэжьауэ къызэрилъытэр Урысейм иПремьер-министр Путин Владимир щыжиІащ УФ-м и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэм ирагъэкІуэкІ гъэжьыгъэр зыхуэдэм щытепсэтыхьыа селектор зэІущІэм.

«ДЭ ІУЭХУ зыбжанэ зэфІэдгъэкІащ щыналъэхэм я унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ гъэжьыгъэр къызэралытэ щыкІэр зэхьуэкІыным хуэунэІауэ икІи а хабзэхэм хэдгъэхьащ инвестицэхэр къызэрызэщІагъэуІуэр, налог хэкІыпІэхэр къызэрагъэсэбэпыр. Апхуэдэу дэ къэтытыгащ зыужьыныгъэмкІэ проектхэр зыгъэзащІэхэм ледуэу ахъшэкІэ зашІэгъэкъуагпхъэу. Ди дежь щы-зэтеуващ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІыналъэ зыбжанэ. Абыхэм куэд щІауэ ягъэтщ Тэтэрстаныр, Краснодар крайр, Тюмень, Белгород областтхэр, Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъект зыбжанэ. Абыхэм ялъэщІыхьэу хуежьащ егупчъу лажьэ нэгъуэщІ щІыналъэхэри. Къащтэмэ, псынщІэу зажьэ Пензэ областым, Къэбэрдей-Балькъэрым», - къыхигъэщхьэхуКІащ Путин Владимир.

Урысей Правительствэм и Іэтащхьэм УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр, УФ-м Щ1ыналъэхэм зегъэужьыныгъэмкІэ и министерствэр, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэр къыхуриджащ щІыналъэ властхэм я гъэжькІэр къызэрапщІэ методикэр зэхэлъхьэныр икІэщІыпІэкІэ зэфІагъэкІыну.

Фигу къэдгъэкІыжынщ гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я гъэжькІэр къызэрапщІэ щІыкІэр Къэбэрдей-Балькъэрым зэпымыуэ зэрыщІрагъэфІакІуэр. Къащтэмэ, республикэм и унафэщІ Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ, министерствэхэм, ведомствэхэр, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм я отчетхэм зэредгъэуІуэн къыдэхІуэу, унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ гъэжьыгъэр къаэрыщыхьым теухуауэ щыхуэхэм зэхуэдгъэуІуэр, налог хэкІыпІэхэр къызэрагъэсэбэпыр. Апхуэдэу дэ къэтытыгащ зыужьныгъэмкІэ проектхэр зыгъэзащІэхэм ледуэу ахъшэкІэ зашІэгъэкъуагпхъэу. Ди дежь щы-зэтеуващ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІыналъэ зыбжанэ. Абыхэм куэд щІауэ ягъэтщ Тэтэрстаныр, Краснодар крайр, Тюмень, Белгород областтхэр, Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъект зыбжанэ. Абыхэм ялъэщІыхьэу хуежьащ егупчъу лажьэ нэгъуэщІ щІыналъэхэри. Къащтэмэ, псынщІэу зажьэ Пензэ областым, Къэбэрдей-Балькъэрым», - къыхигъэщхьэхуКІащ Путин Владимир.

Урысей Правительствэм и Іэтащхьэм УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр, УФ-м Щ1ыналъэхэм зегъэужьыныгъэмкІэ и министерствэр, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэр къыхуриджащ щІыналъэ властхэм я гъэжькІэр къызэрапщІэ методикэр зэхэлъхьэныр икІэщІыпІэкІэ зэфІагъэкІыну.

Фигу къэдгъэкІыжынщ гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я гъэжькІэр къызэ-

Нобэ УФ-м и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ

Хабзэм и къыщхьэщыжакІуэхэр

ЗэхьуэкІыныгъэ инхэр езыгъэкІуэкІа Петр Езанэм и унафэкІэ, 1722 гъэм щІышылэм и 12-м Урысей прокуратурэр къызэригъэпэщащ. Къэрал Іуэхущ1анІэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу Урысей прокуратурэр иджы илъэс 290-рэ ирокъу.

КЪЭРАЛЫМ и прокуратурэм зэфІэкІышхуэ игъэтащ, абы хабзэ кууХэр щыізэтеуващ. Блэкіа лэщІыгъуэхэм къэралым и жылагъуэ-политикэ уХуэкІэм мызэ-мытІэу зихьэжащ, прокуратурэм и къыдэзэпэщыкІэмрэ и лэжьэкІэмри захъуэжу кьекІуэкІащ, абы кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэмрэ полномочиехэмрэ зэпымыуэу заужьащ. Ауэ сыт хуэдэ лЪэ хъэнэми прокуратурэр зытелажьэр зыщ - ар законым и хьумакІуэщ, къэралым и сэбэп зыхэлъхэмрэ щІыхэхэм я хуитыныгъэхэмрэ я къыщхьэщыжакІуэщ. Зыхуэдэ щымыІэу нобэрэй прокуратурэр щыщытыр абы хабзэр хЪумэныжэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжьынымрэ зэрыхэзэдихьыщ. Апхуэдэ лэжьакІэм фы кьыхэзэрыдэкІуэр зэманым кьигъэлъэгъуащ.

XVIII лЪщІыгъуэм Сенатым и деж щІыІэ генерал-прокурорымрэ обер-прокурорэмрэ я кьуІыкъуХэр ягъэувауэ щытащ. Абыхэм Урысейм и императорым япэу ящищІа кьалэныр «хабзэнщагъэ Іуэхуэм, Іулъхьэ кьеІыхьыным, законыныщагъэм кьаХь мыхьымыщІагъэхэр гъэкІуэдыныр е ахэр кьэгъэтІэсхъэныр». А псалъэхэм я мыхьэнэр нобэми кІуэдакъым.

1802 гъэм прокуратурэм и Іуэхущ1анІэр Юстицэмкіэ министерствэм и зы Іэнатіэ хьауэ, юстицэмкіэ министрми генерал-прокурором и кьалэнхэр эдэихьу щІидзащ. 1864 гъэм ирагъэкІуэкІа суд реформэм ипкъ иткІэ «зыгъэкъуанщэ властыр судым кьыхагъэщхьэхуКІ», судыщІэ Іэнатіэм егъэбидыІа прокурор хэхаХэр ягъэув.

1917 гъэм и щэкІуэгъуэ маЗэм прокуратурэр зэхуэщІыжауэ щытащ, ауэ апхуэдэу куэдрэ еКІуэкІакъым. 1922 гъэм и накьыгъэ маЗэм къэралым и ВЦИК-м и унафэкІэ кьиштащ «Прокурор кІэлъыплъныгъэм теухуауэ положенэр» абы ипкъ иткІэ Юстицэмкіэ цІыхубз комиссариатым хиубыдэу къэрал прокуратурэ кьызэрагъэпэщащ. 1923 гъэм унафэ кьащтащ СССР-хэм я Совэм и Суд ІЕхьащ1ыкъэм и Прокуратурэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ. 1933 гъэм и мэкъуауэгъуэ маЗэм СССР-м и ЦИК-мрэ СНК-мрэ кьыдагъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, кІэлъыплъакІуэ полномочие инхэмрэ уголовнэ тезыгъэр пхыгъэкІыныжкІэ кьалэнхэмрэ зиІэ къэрал орган щхьэхуэу СССР-м и прокуратурэр зэтеуващ. Абы ипкъ иткІэ аубэхуэщ прокурор кІэлъыплъныгъэр зыхуэпэщІа Іуэху инхэкьащхьэхэри.

1936 гъэм СССР-м и Конституцэр кьащтащ. Тхыдэм щыяпэу абы игъэбелджьлащ законхэр нэгъэсауэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныгъэ нэхъыщхьэ иІэн зэрыхуейр икІи а кьалэныр зэрыщыту СССР-м и прокуратурэм бгъэдальхьащ. А щІыкІэм тету прокуратурэр зыми Іэщ1ымыль системэ зэкьуэт хьущ. Нэхъ иужькІэ а псори щыщІагъэбдащ «СССР-м и прокуратурэм и Іуэхуэкі» законым.

ССР-р кьутэжа иужь блэкІа зэманым нэрылъагъу ищІащ прокуратурэм и органхэм я лэжьыгъэм кьэралыр зэрыхуэныкьуэр. 1992 гъэм и щІышылэ маЗэм «Урысей Федерацэм и прокуратурэм и Іэхуэкі» федеральнэ законыщІэр кьащтащ, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 129 статьям иратхащ прокуратурэм и органхэр зы унафэ зэрыщІэтыр. Апхуэдэ закон льабкьэхэм ипкъ иткІэ Урысей Федерацэм и прокуратурэр властым и зы кьудамэми химыбыдэ къэрал орган щхьэхуэу зэтеуващ.

Кьэралым и щІэгъэкъуэн нэсу, зак оным тетынымкІэ щэсыпІэу зэрыщытым кьыхэкІыу, мы зэманым прокуратурэм кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэм кьахэхьуэ зэпытщ. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокуратурэрэ Урысей Федерацэм и прокуратурэм и органхэм я зы Іыхьэщ, щІэпхьаджагъэхэм еБэнымынымкІэ, цІыхуэхэм я хуитынигъэхэм кьыщхьэщыжкІынымкІэ, кьэралым и хабзэ мардэхэр пхыгъэкІынымкІэ хуэзэфІэкІ псори елэжь. Кьапщтэмэ, нэгъабэ я закъуэ дэ лэжьакІуэхэм законым кьемызэгъэ Іуэхуу мин 27-м щІигъ кьыщІагъэщащ икІи ягъэзэкІуэжащ. Зэ еплыгъуэкІэ а псори бжыгъэ кьызэрыгуэкІ хуэдэщ, ауэ абыхэм ялъэ иткІэ цІыху куэдым я гуГуэхьхэр дагъэкІащ, ахэр хабзэщІагъэмрэ щхьэхэлфІэфІагъэмрэ щахьумащ, зачуагъэр зэфІагъэувэжащ. Апхуэдэу уголовнэ Іуэхуэхэр зэрырагъэкІуэкІым тКІийуэ кІэлъыплъащ, суд Іэнатіэм кьэралым и щІэкІэ кьыщыІващ, зыхуэфащэхэм юридическэ дэІэпыкъуныгъэ иратащ.

Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэм я щІыналъэ зэрыхуэзэпэщІыным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Промышленностымкіэ, связымрэ информатизацэмкіэ и министерствэм кьыхихьхар къэщтэн акцэхэр мы выкІэпыкІуэм хуэдэу зэпэгъуэпащэ:

«Индустриальнэ компанией» ООО-м (Москва къалэ) - процент 75-рэ, і акцэ чэмуэ;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІэкІэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы Іуэхуэмкіэ и министерствэм - процент 25-рэ, і акцэ щІи-гъуэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы Іуэхуэмкіэ и министерствэм (Льдыжьдэ Хь. ПІ.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІэкІэ «КъБВМК» ОАО-м и кьызэгъэпэщащІэу кьэувыну;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыбгъэдэкІыу «КъБВМК» ОАО-м и устав мылькум «Тырныкуэ комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и акцэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кэрал мылькум хыхьэм щыщу 395251-рэ, комбинатым и устав мылькум и процент 57,53-рэ хъур, «КъБВМК» ОАО-р кьыщыдзэрагъэпэщкІэ абы и акцэу хагъашэм пэув уасэу хилъхьну;

«Тырныкуэ комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и акцэу «КъБВМК» ОАО-м и устав мылькум халъхьэн хуейр зыми Іэщ1ымылъ Іэщ1агъэлІэхэм хуагъэува уасэм тету приватизацэ щІыпмкІэ унафэхэр кьэщтэныр щІэ Іэ хабзэхэм тету кьызэригъэпэщыну;

«Индустриальнэ компанией» ООО-м щІыгъуэ «КъБВМК» ОАО-м и унафэщІ органхэр кьызэригъэпэщыну икІи «КъБВМК» ОАО-р кьэралым итхьн папщІэ итхьн хуей зыхуей документхэр гъэхьэзырынымрэ пыщІа лэжьыгъэхэр зэфІигъэкІыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэдыплъыну и пщэ итхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдэ Уянаев К. Хь-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Унафэ №360-ІІП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъаэм и 29-м №440-ІІП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

«Полимер кьабзэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Этана» завод» ООО-м, «Севкаврентген-Д» ООО-м, «Іуащхьэмахуэ льапІэ» агропромышленнэ комплекс» ООО-м, «Агро-Ком» ООО-м я инвестицэ проектхэмкІэ Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал щэсыпІэхэр етыным и Іуэхукі» 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №360-ІІП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 2-м и еплІанэ абзацым хэт «бюджетымкІэ Законым» псалъэхэм кьыкІэлъыкІуэу дэщІыгъуэкІи «мы унафэм кьеІзэгъэщу» жиІэу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ГЕРТЕР Иван

«Къэбэрдей-Балькъэр вольфрам-молибден компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухуа кьызэрэпэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъаэм и 30-м №442-ІІП

«Къэрал, муниципальнэ мылькум приватизацэ щІыным и Іуэхукі» 2001 гъэм дыгъэгъаэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №178-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькур приватизацэ щІыным и Іуэхукі» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькур зехьэным и Іуэхукі» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м ящхьэ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр, «Индустриальнэ компанией» ООО-р хэту «Къэбэрдей-Балькъэр вольфрам-молибден» акционер зэгухьэныгъэ зэІуха кьызэрэпэщыным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ПромышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ и министерствэм кьыхихьхар къэщтэн акцэхэр мы выкІэпыкІуэм хуэдэу зэпэгъуэпащэ:

«Индустриальнэ компанией» ООО-м (Москва къалэ) - процент 75-рэ, і акцэ чэмуэ;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІэкІэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы Іуэхукі» и министерствэм - процент 25-рэ, і акцэ щІи-гъуэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы Іуэхукі» и министерствэм (Льдыжьдэ Хь. ПІ.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІэкІэ «КъБВМК» ОАО-м и кьызэгъэпэщащІэу кьэувыну;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыбгъэдэкІыу «КъБВМК» ОАО-м и устав мылькум «Тырныкуэ комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и акцэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кэрал мылькум хыхьэм щыщу 395251-рэ, комбинатым и устав мылькум и процент 57,53-рэ хъур, «КъБВМК» ОАО-р кьыщыдзэрагъэпэщкІэ абы и акцэу хагъашэм пэув уасэу хилъхьну;

«Тырныкуэ комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и акцэу «КъБВМК» ОАО-м и устав мылькум халъхьэн хуейр зыми Іэщ1ымылъ Іэщ1агъэлІэхэм хуагъэува уасэм тету приватизацэ щІыпмкІэ унафэхэр кьэщтэныр щІэ Іэ хабзэхэм тету кьызэригъэпэщыну;

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэдыплъыну и пщэ итхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдэ Уянаев К. Хь-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ГЕРТЕР Иван

Сабий зэзышэлІа унагъуэхэм ахъшэкІэ ядоІэпыкъу

КъБР-м и Правительствэр арэзы техьуащ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыж сабийхэр зэзышалІэ унагъуэхэм зэ тыгъуэу ядоІэпыкъун папщІэ КъБР-м и бюджетым субвенцэхэр хуохъуным теухуауэ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм ирацІылІэну зэгурыІуэныгъэм и проектым.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэрыжиІамкІэ, мы зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ 2012 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм сом мелуани 2-рэ мин 300-рэ кьыхуаугтІыщщыну щогугъ. Ар трагуэшэнуц сабий зэзышэлІэжа унагъуэу 184-м.

Апхуэдэ зэгурыІуэныгъэ федеральнэ министерствэм гъэкъэс иращІылІэ. Нэгъабэ зэ тыгъуэу дэтхэнэ унагъуэми сом 11703-рэ ирагъуэ щытащ. 2012 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ ар проценти 6-кІэ нэхъыбэ ящІащ икІи сом 12405-м нагъэсащ.

КъБР-м и Унафэщ1ымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

• Тхьэмахуэ

ЩІэныгъэм и хэлъхьэныгъэ ин

Москва щыІэ «Радио Софт» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ щІэныгъэм Щ1ыгъуэкъуэ Щ1ощэжи Асльанбэчэрэ Стребков Дмитрийрэ я къалэмыпэм къыпыкІа «Электроника» тхылъыр.



АР КЪАГЪЭСЭБЭПЫПХЪЭЩ Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэу «Мэкъумэш хозяйствэм и электрификацэмрэ автоматизацэмрэ», «Радиоэлектроника», «Микроэлектроникэ» Іэщ1агъэхэм хуеджэхэм, инженерхэм, энергетикэхэм, электромеханикэхэм.

Дэ республикэм щІэныгъэлъІу, къэхутакІуэу исыр мымащІэми, къэралІсо мыхьэнэ зиІэ зэреджэ тхылъ зи кьалэмыпэм кьыпыкІыфхэр куэд хуэркъым. Абы кьыхэкІэу гуапэ тщІохьу техникэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балькъэрым Бизнесымкіэ и институтым и профессор Щ1ощэжи Асльэнбэч и лэжьыгъэ купщІафІэр дунейм кьызэрытехьар. «Электроникэ» тхылъыр и ятэ кьэхуэгъэнгъэкъым ди льаХэгъэу щІэныгъэлъІым. Итэкіэ абы къыдигъэкІауэ щытащ студентхэр зэреджэ пособиехэу «Электроникэм и льабжьхэхэр» (2009 гъэ), «Компьютер электроникэм и льабжьхэхэр» (2010 гъэ), нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту Щ1ощэжным итхащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 70-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ монографиеу 2. КьинэмыщІауэ, Щ1ощэжым иригъэкІуэкІа кьэхуэтэныгъэр УФ-м и Гъэлъэгъуапі Іэнтр нэхъыщхьэм и къэралыгъэ ирахьащ икІи абы и дыщэ медальр кьыхуагъэфэщащ.

«Электроника» тхылъым щыгъуазэ зыхуэзыщІа Іэщ1агъэлХэм зэрыжиІэмкІэ, ар щІэныгъэм зезыгъэужь хэлъхьэныгъэ инщ. А унэтІныгъэм нэхъапэІуэкІэ кьыщыдагъэкІа тхылъхэм кьащхьэщыкІыу, абы шэщІауэ кьыщыгъэлъэгъуащ энергетикэмрэ информацІэ электроникэмрэ я иджырей щытыкІэхэр. Апхуэдэу абы кьыщыхьащ полупроводникэм ехьэлІа кьэхуэтэныгъэмрэ щІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Щ1эныгъэлІ щІэрыІуэ Щ1ощэжи Асльэнбэч дохъуэхъу и ехьэлІэныгъэмкІэ. Къэралым, льэпкъым яфІ кьыщяріыкІын кьэхуэтэныгъэ купщІафІэ куэд абы и зэфІэкІ ин иджыри кьызэрихьыным шэч кьытетхъэркъым.

КЪУЩХЬЭ Мухьэжид,
СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик.

ЩхьуантІагъэхэм я щІыналъэ

«ЩХЬУАНТІАГЪЭМ и хъумакІуэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм ящхьэ иткІэ, илъэс етІуанэ хьауэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм ящыщу щІыу эпсыр хъумэныжкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ящэ ІуныпІэр иІыгъ.

Апхуэдэ екъуІэныгъэ республикэм зэрыІэр и фыщІэщ дыкъэзэыухуреихь дунейр хъумэныр зи кьалэн ведомствэ псори зэгурыІуэу зэрызэдэлажьэм.

ХЬЭМДЖЪУ Сурен.

Ягъэлъапіэ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***Нобэ илъэс 90 зэрыриІ-къур егъэлъапІэ Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм. Абы теухуа Іуэхугъуэ, пщыхь дахэхэр республикэм и къалащхьэ Черкесск, щІыпІэ псоми щекІуэкІнущ. Фигу къэнгъэкІыжынщи. РСФСР-м и ВЦИК-м Къэрэшей-Щэрджэс Автоном область къызэрызэрагъэпэщым теухуа унафэ 1922 гъэм щІышылэм и 12-м къыщІэуІуэ щытащ.***

- КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС Республикэм и къэралыгъуэр зэфІэувэжын и гъэугуанэр кІыхьу икІи къызэрымыкІуэу къекІуэкІащ. ЗэхъуэкІыныгъэ, гугъуэхь куэдым пхыкІами, ди республикэр зэфІэуващ, нобэрей зыужьныгъэр игъуэтащ абы щыпсэу лъэпкъхэм я гуащІэрэ, хэлъхьэныгъэкІэ. Абыхэм лІэщІыгъуэ куэд хуэауэ кьадекІуэкІ зэныбжьэгъугъэмрэ лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ, - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.

Тхыдэм кьыхэна щІыку телъыджэ

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм гъуэгуанэхэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьыгъэ Адыгейм и цІыхубэ артист Іэхъуэджакіуэ Мэжид дунейм зэрехы жам къыхэкІыу. АР-м и Іэтащхьэ Тхьэкіуэшынэ Аслъэнджэрий абы ипхъу. УФ-м и цІыхубэ артисткэ Іэхъуэджакіуэ Лие, и Іыхьлыхэм яхуэгуэзващ.***

- ТЕАТРгъуэзджэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэ, япэ адыгей режиссер Іэхъуэджакіуэ Мэжид илъэс 98-м иту дунейм ехыжащ. Мэжид дежкІэ сыт щыгъуи нэхъыщхьэр и театр лэжьыгъэ нэхъыфІхэр зыхуигъэпс, къэмыІолнджэжу зыхуэлажьэ цІыхурт. Абы хэлъхьэныгъэшхэр ящІащ Адыгейм и режиссер, актер гъуэзджэр кьызэгъэпэщыным, зегъэужьыным. Ар мыкІуэдыжьну ди тхьдэм кьыхэна цІыку телъыджащ, - жиІащ Тхьэкіушынэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Тхьлъыщіэ

ЩІэныгъэм и хэлъхьэныгъэ ин

Москва щыІэ «Радио Софт» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ щІэныгъэм Щ1ыгъуэкъуэ Щ1ощэжи Асльанбэчэрэ Стребков Дмитрийрэ я къалэмыпэм къыпыкІа «Электроника» тхылъыр.

АР КЪАГЪЭСЭБЭПЫПХЪЭЩ Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэу «Мэкъумэш хозяйствэм и электрификацэмрэ автоматизацэмрэ», «Радиоэлектроника», «Микроэлектроникэ» Іэщ1агъэхэм хуеджэхэм, инженерхэм, энергетикэхэм, электромеханикэхэм.

Дэ республикэм щІэныгъэлъІу, къэхутакІуэу исыр мымащІэми, къэралІсо мыхьэнэ зиІэ зэреджэ тхылъ зи кьалэмыпэм кьыпыкІыфхэр куэд хуэркъым. Абы кьыхэкІэу гуапэ тщІохьу техникэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балькъэрым Бизнесымкіэ и институтым и профессор Щ1ощэжи Асльэнбэч и лэжьыгъэ купщІафІэр дунейм кьызэрытехьар. «Электроникэ» тхылъыр и ятэ кьэхуэгъэнгъэкъым ди льаХэгъэу щІэныгъэлъІым. Итэкіэ абы кьыдигъэкІауэ щытащ студентхэр зэреджэ пособиехэу «Электроникэм и льабжьхэхэр» (2009 гъэ), «Компьютер электроникэм и льабжьхэхэр» (2010 гъэ), нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту Щ1ощэжным итхащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 70-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ монографиеу 2. КьинэмыщІауэ, Щ1ощэжым иригъэкІуэкІа кьэхуэтэныгъэр УФ-м и Гъэлъэгъуапі Іэнтр нэхъыщхьэм и къэралыгъэ ирахьащ икІи абы и дыщэ медальр кьыхуагъэфэщащ.

«Электроника» тхылъым щыгъуазэ зыхуэзыщІа Іэщ1агъэлХэм зэрыжиІэмкІэ, ар щІэныгъэм зезыгъэужь хэлъхьэныгъэ инщ. А унэтІныгъэм нэхъапэІуэкІэ кьыщыдагъэкІа тхылъхэм кьащхьэщыкІыу, абы шэщІауэ кьыщыгъэлъэгъуащ энергетикэмрэ информацІэ электроникэмрэ я иджырей щытыкІэхэр. Апхуэдэу абы кьыщыхьащ полупроводникэм ехьэлІа кьэхуэтэныгъэмрэ щІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Щ1эныгъэлІ щІэрыІуэ Щ1ощэжи Асльэнбэч дохъуэхъу и ехьэлІэныгъэмкІэ. Къэралым, льэпкъым яфІ кьыщяріыкІын кьэхуэтэныгъэ купщІафІэ куэд абы и зэфІэкІ ин иджыри кьызэрихьыным шэч кьытетхъэркъым.

КЪУЩХЬЭ Мухьэжид,
СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик.

ХэкІыпІэхэр кьалъыхьуэ

2011 гъэм Германием и экономикэм зэрыгъэлажьэр процентти 3-м нэсауэ арац, кьет къэралым Статистикэмкіэ и федеральнэ бюром.

Дыгъуаэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ Италием и премьер Монти Марио рэ Берлин щыгъэсэлъхьащ Европэм и къэралхэм ящыщІ гугъуехьхэм икІи кризисым и лъэхъэнэм экономикэр зэпІэзэрыту зэтеІыгъэныжкІэ зэкІыпІэхэм хэпІащ.

США-р Тимошенкэ Юлие кьыщхьэщыж

- США-р адэкІи хуищІакъуэнущ Украинэм и премьеру щыта Тимошенкэ Юлие хуит кьриІэнущІыжыну. - жиІащ США-м и Къэрал секретарь Клинтон Хиллари.

Абы Тимошенкэ Юлие хуитхащ блэкІа зэманым Украинэм иригъэкІуэжа политикэр зэрыдиІыгыр икІи ар хуит къащІыжьын папщІэ США-м и хуэфІэкІ псори зэрилъэжьынур.

2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Тимошенкэ Юлие илъэсыбл тралъхьэри ягъэтІысащ 2009 гъэм «Украинэм и Нафтогазым» и цІэкІэ «Газпромым» зэгурыІуэныгъэ зэрырищІылІам кьыхэкІыну.

Израильр егъэкъуаншэ

Тегеран дэт Политехникэ университетым и профессор, ядерпэ къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ Рошан Мустафа Ахмади и автомашинэр къэгъэуІуэн къызэрилъэщІауэ Израильр Ираным егъэкъуаншэ.

Апхуэдэу дыгъуасэ жиІащ Тегеран и губернаторым и хуэдэщ. Абы къызэрилытэмкІэ, Израилым апхуэдэ щІэпхьаджагъэр зэрихьащ гъатхэпэ мазэм Ираным и парламентыр щыхахыным ирихьэлІэу щытыкІэр зэрыдиІыгыр икІи ар хуит къащІыжьын папщІэ США-м и хуэфІэкІ псори зэрилъэжьынур.

2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Тимошенкэ Юлие илъэсыбл тралъхьэри ягъэтІысащ 2009 гъэм «Украинэм и Нафтогазым» и цІэкІэ «Газпромым» зэгурыІуэныгъэ зэрырищІылІам кьыхэкІыну.

Европэ псом щыпэхь льапІэхэр

«Хьыбарыщ1хэр» РИА-м кьыгъэрыгъэІуа бжыгъэхэм кьызэрагъэльэгъуэмкІэ, Москва дэт хьыщІыпхэр Европэ псом щыпэхь льапІэщ.

Урысейм и кьалащхьэм зы пэшым ику иту сом 7684-рэ щыщІат. Я уасэкІэ абы кьыкІыжу Осэр, Лондон, Стокгольм, Киев я зэрыщІэхэр. Москва хьэщІапІэ кьахэкІуэхэм ягу ягъэфІ хьунущ, Нью-Йорк зы пэшым щиуасэр сом 8736-р зэрыхьэр ягу кьагъэкІыжу.

США-р ІуныпІэ

Израильр

Европэ

Украинэ

Тегеран

Москва

Нобэ

♦ **Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ.** Ар махуэщхуэу ягъэуващ 1995 гъэм дыгъэгъаэм и 29-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ. Илъэс 290-рэ япэкІэ Петр Езанэм и унафэкІэ Сенатым и деж прокуратурэ къыщыдэгъэпэщащ цытащ.

♦ Илъэс 90 ирокъу ВЦИК-м и унафэкІэ Урысей Федерацэм хэт Къэрэшей-Щэрджэс автоном область къызэрызэрагъэпэщр. 1992 гъэ льандэрэ УФ-м хэт Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм.

ПІалъэр зыхэхьэрар ТЭНАІЛ Анатолий.

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Пхъур зэрыбгъасэщ, нысэр зэресащ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

ФIэкIыпIэншэу дзэм зэрыраджэ щIыкIэм экономикэр зэтреIыгъэ

● Армэ

Урысей Федерацэм и Президентым и «дыщэ кадр гъэтIылъгъэшэм» хагъэхьахэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэ, Зэбгъкыгъуэ лъэхъэнэм и экономикэмкIэ институтым и лабораторэм и унафэщI Назаров Владимир къыззэридзытэмкIэ, фIэкIыпIэншэу щIалэгъуалэр дзэм ираджэнхьр щагъэтамэ, ди къэралым и экономикэм хуабжу зригъэшынут. Абы и тегъэщIапIэхэр фи пашхъэ идолъхъэ:

- УРЫСЕЙМ и гъэтIылъыгъэхэм дапхэдизрэ дрикъунуми нобэ псори егъэпIейтей. Нэхъапэм хуэдэу аращ дгъэкIуэдмэ - мыбдежым финансхэмкIэ министрыр захуэщ - абыхэм дызэрырикънэу илъэситIщ. Ауэ узыгъэпIейтейраращ, властым кьалэныщIэхэр иджыри и пщэ ирелъхьэж. Кьапщтэмэ, дэ кьыззэрыдбжамкIэ, пенсэ нэхъ мащIэ дыдэр урипсэуфыну щIыным, зи ныбжь хэкIуэтахэм ар яхуэхъухьэным, кьищынэмыщIауэ илъэсым сом мин 415-м щIигъу кьэзыIэжьхэм я улахуэм страховой взносыр ящхьэщыхьным нэгъабэ и бюджетым хэщIыныгъуэ сом триллион 1,88-рэ иритащ. Пенсэ Iуэхуэм и гугъу сщIыркъым - абы и хэгъэхъуэныр Iэмалынщэщ. Ауэ сыт сом триллион ныкъуэ щIытегъэкIуэдэнур къулейхэм налогыр ящхьэщыхьным? Абы бюджетыр игъэмэщIэнущ, инфлиацэр дригъуеинущ. Псом япэу хилъэфнур а дыщIэгъэвэ пенсионерхэрщ.

Дуней псом зыщыщыубгъу экономикэ кризисыр щиухыну хуагъэфащэ пIалъэр зэтеуохьэркъым. АбыкIэ хъыбар дэзыгъэщIэнур ар къыщежьа Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ. А къэралым псэупIэм и уасэр щыдэкIуенжу щIидзэмэ, лэжьапIэнщэхэм я бжыгъэм хэщIмэ, итIанэщ фIым ущыгурэ щыхьунур. ЗэкIэ апхуэдэ лъэпкъ щыIэкъым. Нэхъ Iеижраци, США-м кьыкIэтыныкIуэу къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я правительствэхэм яIэхI къагъанэркъым... кризисым пищэн папщIэ. Зызыубгъу абы и мафIэр ахьшэкIэ игъэункIыфIынну хэтщ. Абы нэхъыпэ нэхъыфIт лэжьакIэжьым тегурэ, си Iужу зыныхьакъэр банкрот ящIу зэхуащыжкамэ, «Дженерал моторс» концерн щIэрыIуэм иращIам хуэдэу. Армырамэ, ахэр «IэгъуЕй» пщIыкIэ, зыужьынигъэ щыIэнукъым.

Зы щапхъэ закъуэ: урысей металлургкомбинатым и унафэщIым иджыблагъэ тхьийуэ хуагъэуващ и дзэкъакIуэкэр уэру IуимыйгъэкIыну. «Уэр» псалъэм къикIымкIэ щыщIэупщIэм къыжраIащ ар щIыху 50 нэхъ мащIэ щIыху 49-рэ IуигъэкIыу иригъэжащ. Адрейхэм я улахуэм кIэрнудащ икIи лэжьапIэншэхэм ират пособием ар сомитI 100-200-кIэ фIэкIа щIимыгъу хъуащ.

Иджы лэжьакIуэ проин арэзыкым, кьыщитхъыну хьэзырщ. Зэрыпалажьэри я улахуэм хуэфэщэнщ. Лей хъуа проин зэуэ IуигъэкIыну директорыр хуит ящIамэ, иджыпстуи я жьакIуэхэм кьахь улахуэм хуэдиз IэнатIэншэхэм пособиеу кьратынут. Абы щыгъуэми кьэнахэм лэжьапщIэ тэмэм яIэнут.

Иджыпсту кьэралым щIыху мелуаниблым нэблагъэ щыIэжьапIэншэщ. Ар лэжьэфынуэм я проценти 9,5-рэ мэхъур. Болгариермрэ Польшэмрэ, кьапщтэмэ, процент 20-р IэнатIэншэу щыщытуи социальнэ зэрыхьэзэринншэу псэуащ. Урысей Федерацэри кризисым кьыхэкIыфынут кIэуцIрыхуа предприятэхэр къригъэлыну хущIэкъуурэ абыхэм мыльку ятримыгъэкIуэдатэмэ. Жаlэ. Тольятти щыпсэухэр автомобиль кьыщIэпкIыным фIэкIа зыми змылажьыфынкъым. Сыт щхьэкIэ? МашIэ кьарурмрэ мылъкумрэ зытебгъэкIуадэ хъунур? А упщIэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар Волжскэ автозаводым и унафэщIхэрщ.

Хьэрхуэрэгъуэхэм япэлъэщын, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр зи лъабжьэ экономикэщIэ Урысейм дауэ зэрыщыбухуэнур? Псом ящрауэ кьаIэщIэкIын хуейщ мы отраслым кьэкIуэн иIэти, адрейр зэи кьыпхуэзэтынутэкъыми жьыхиIэ гупсыскIэм и лъахъэхэм. Ар дыгъуасэрей махуэщ, Сталиным зэригъыр апхуэдэут: кьуажэм и зэфIэкIыр кьигъэсэбэнурэ, заводхэмрэ фабрикхэхэмрэ кьаIэм щригъэхуэзэрт. Индустриализацэм и пэщIэдзэ лъэхъэнэ е дунейпсо зауэм и зэманым а Iуэху бгъэдыхьэкIэр кьезэгъныут. Ауэ иджыпсту псорри нэгъуэщIщ. Новэ Зеландием, кьапщтэмэ, отрасль нэхъыщхьэу щыIэр мэкъуэшращ. Адрей псорри - финансхэри, щIэныгъэри, нэгъуэщI Iэнатlэхэри - зыхуэлажьэр аращ. ЦIыхухэм, щIыуэпс гъэтIылъыгъэкIи егъэлеяуэ кьуIей Урысей Федерацэм экономикэм и отрасль псоми тынщу зыщIебгъэужьыфынущ. Ауэ абы щхьэкIэ щхьэзакъуэ мыльку хьумэным, контрактэр фIэкIыпIэншэу гъэзэщIэным, зыми и унафэм щIэмыт сугъэмэ зегъэужьауэ кьэралым и унафэм экономикэр кьыщIэгъэкIын хуейщ. Абы папщIэ системэр зэрыщыту хъуэжьапхъэщ.

Къэтщтэнщ щапхъэу курыт Iэщlагъэ щагъэгъуэг еджапIэкIэ. Сыт ди ПТУ-хэр апхуэдизу щIэтхъэмыщIкIэр? ХьэрычэтыщIэм пыщIэныгъэ щIагъуэ хуаIэкъыми арац. ПТУ-м щеджажэрац Iэщlэкъ Iэщlэуэзэда Кьарухэм ираджэр. Сыт абыхэм мыльку щIатебгъэкIуэдэнур, еджэнир кьыззраухыу ахэр дзэм ираджэнумэ?! КьыззрыщIэкIымкIэ, профтехщIэныгъэм зыкъебгъэIэтыжьын папщIэ фIэкIыпIэншэу щIалэгъуалэр армэм дашынкIэр щыгъэтын хуейщ. КьыззрыдбжамкIэ, ди къэралым и новэрей сэлэт мин 400-р контрактIэ ираджэхэмкIэ пхъуэжьын щхьэкIэ сом мелаади 100 текIуэдэнущ. Ар хэкум и лъэсым кьыщалэжьым и процент 0,2-рэ хьууэ арац. Абы щыгъуэми контрактIэ дзэм кьуныкъу щызыщIахэм я улахуэр кьэралым ику иту щыщIыпм Iэщlэкъ Iэщlэ щIигъунущ. КьищынэмыщIауэ, сыт хуэдизу фIыгъуэ ди экономикэм абы кьыхуихуэныну! Iэщlагъэм хуегъэджэнымрэ iэжьыгъэм и рынокымрэ заужьынущ, ар зэрыпсэуэн Iэмал зыхуэхъуахэм кьэралыр нэхъ Iэзэу яхъумэнущ. Кризисым и пхъэхэмэ Iэнатlэ зыфIэжIыуэдахэм армэм лэжьапIэ щагъэгъэнущ. Абы щыгъуэми училищэхэмрэ колледжхэмрэ кьэзыуахэр курыт, рабочэ IэщlагъэлIэр иджыпстуи щамыгъуэт заводхэм увыфынущ. ИкIэм-икIэжьым кIэ ета хьунущ военкоматхэм щызекIуэ Iуфлъхьэныхьым, армэм дэмыкIын щхьэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэлысхьэу зыри зыхуэмей Iэщlагъэхэм хуеджэхэр, диссертацэ хэр зытххэр щыIэжьынукъым.

Аращи, кризисым пэщIэувэфын Iэмалхэр ди куэдщ. Ахэр тегушхуауэ къэгъэсэбэныж хуеиуэ арац.

«Аргументы и факты».

«Булгария» кхъухьыр кьаIэтыж.

Тимошенкэ Юлие илъэсиблкIэ зэрагъэтIысар кьыщыжраIам.

Пугачёвэ Аллэрэ Галкин Максимрэ я хьэгъуэлIыгъуэм.

2011 гъэр тхыдэм къыззрыхэнэнур

ЩIышылэм

Тунисым щегъэжьауэ

Илъэсыщэм ехьэлIа ефэ-ешхэхэр ужьыхатэкъым Тунисым щIыхубэ зэщIэхьеенбгъэ инхэр щызэхаублам. А лъэхъэнэм щIидзащ хьэрыл къэралыгъуэ куэдым тепщэныгъэ щызыIыгъхэр яхьэужьным. Египетым, Ливием, Йеменым, Сириемрэ... Нэхъапэм зэи мыкъуэжьыну къащIыхьуа режимхэр зыр адрейм кьыкIэлъыкIуэу зэтещащэу хуежьащ. Традзырт илъэсипщI бжыгъэкIэ кьэралым и кьулыкъу нэхъ лъагэ дыдэхэр зыIыгъахэр.

Урысейм и щIыхуэхэм абы кьыхэкIыу кьалъыхъуэн хуей хьуащ нэгъуэщI зыгъэпсэхупIэхэр. Языныкъуэхэм иджы хуагъэфащэу щIадзащ муслымэнхэмрэ христэнхэмрэ зауэшхуэ зэращIылIэну. Я пэ лъэбакъуэу кьалъытэ тепщэныгъэр зыIыгъахэр хьэрыл къэралыгъуэ куэдым щытрадзу исльамыр зи тегъэщIапIэхэр властым зэрытеувар.

«Домодедово» кьыщIыхъуар

ЦIыху 37-рэ хэкIуэдащ, 170-р уIэгъэ хъуащ. Апхуэдэ гуауэ кьрикIуэщ Мэкъуу и «Домодедово» аэропортым кьыщIыхъуа щIэпхъаджагъэм.

Нэхур нэхъ кIащхъэ мэхъу

ЩIыщылэм и 1-м щегъэжьауэ кьыщIамыгъэкIыж хьуащ ватти 100-м нэхъыбэ зи лъэщагъэуэдыгъэ Iамп Iэхэр. Ахэр кьыщIэзыгъэкIэхэри зэуэ кьинкIуэтакъым: я лэжьыгъэм зы зэхьэкIыныгъи хамылъхьэу ватт 95-рэ зи лъэщагъ лампIэхэр щхэхуакIуэхэм Iэрагъэхьэу хуежьащ.

Мазаем

Египетым щIыху мелуан зэуэ утыку щохьэ

Египетым и кьалащхъэ Каир щекIуэкIа пэкIум рекордыщIэ щагъэуващ: абы Iэуэ утыку кьыщIихьащ щIыху мелуаным щIигъу. Абы щхьэкIэ къэмынэу зыпIпхьакIуэхэм а къэралыр ябгынэну епIэщIэкIакъым.

Прокурорыр прокурорым кьыщIхьэщох

Мэкъуу областым хабзэм къемызэгъыу казино зыбжанэ щызыIыгъ хьэкIэпыч кьыззрыгуэкI Назаров Иван Урысейм и Прокуратурэмрэ Следственнэ комитетымрэ щхэхуу я зэпэщIэтыныгъэр нахуэ иIащ. Следственнэ комитетым уголовнэ Iуэхуэхэр кьыгъэIуихащ Назаровым игъашхэу прокурорхэм ятеухуауэ. Абыхъэм емыджэхэу прокурорхэм Iуэхуэхэр зэхуащIыжащ. Апхуэдэ зэпэщIэтныгъэр ищхъэ ищIыху дыдэм нэсащ икIи езы Президентыр Iуэхум кьыхъIэбэн хуей хьуащ. Арати, Iулъхьэ кьеIызыхъэм я нэхъыщхьэм зигъэпщкIуащ, зыбжанэ я Iнатlэм IуагъэкIащ, адрейхэм иращIэным йогупсыс.

Зы сыхьэт зэрыгфIагъэкIуэдар

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий жэрдэм кьыхилъхьащ дызыхуэIуэ бжьыхьэм кьыкIыщIыдзауэ «щIымахуэ зэманым» афIэкIа зэи дытемыхьэжьыну. Сыт щхьэкIэ? ЗэрыжаIэмкIэ, узынщагъэм зэран хуохъу, а Iуэхугъуэр зыми зыхимыгъэкIа пэтми.

Японхэр кьыгтхуогубжь

Урысейм и Президентыр Курилхэм щыIа иужькIэ Японием аргуэру кьигъэуващ къэралитIым зэпаубыда хьтIыгунплIыр кьратыжыну. ПэкIуэр кьызэрагъэпэщащ, заявленэ ткIийхэр кьатхащ, Урысейм Токио щыIэ посольствэм фочышэ ирагъэхьащ. Арщхьэкlэ псори зэрыщыту кьэнэжащ.

Гъатхэпэм

Милицэм полицэ фIэщщкIэ...

Гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ милиционер псоми «полицей» цIэ фIащащ. ЗэкIэ абы фIы гуэрхэр кьрикIуэкъым. Я удахуэр хэщIыкIыу иджы зэрыхагъэхьуам Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зригъэхъуэжыну щогуть.

ЯмышIэххэу

США-м зэрымышIэкIэ кьыщагъэтащ дунейм щыпсэухэм ящыщу зи ныбжьыр нэхъ хэкIуэта дыдэр. Илъэси 114,5-рэ къэзыгъэщIа фызыжь щыкIур иджыри жьыджэрщ. Абы и щIэхур хъажриэну зыщыхуагъэзэм зэкъарита жэуапым псори зригъэпплъажащ: «Сэмызэгъэн сшхыркъым, си мыIуэху зесхуэрякъым».

ДемократиемрахулIаахэр

США-м и президентым кьигъэуващ Афганистанымрэ Иракымрэ щыщыIэ я дзэхэр кьраныжыну иджыри пасуу. Абы щыгъуэми Ливием ахэр кьикIыж хьунущ - а щыпIэм щыщыIэ властхэмкIэ мыарзэзэр мэлыIуэри. КьэпщытакIуэхэм кьыззраб жамкIэ, Обамэ дамэ зытет ракетэ нутIыпщахэр куэдкIэ нэхъыбэщ Нобель и саугъэтэр зрата адрей псоми зэхэту ятыпщам нэхъ р э.

Энгельс, Маркс...

Марксизмымрэ ленинизмымрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм я щIэхэр зезыхъэ кьалэхэм щIэпхъаджагъэ зыбжанэ хэщIыкъхуащ. Я пэщIыкIэ Энгельс кьалэм (Саратов областым) и мэрыр Iулъхьэ кьыIрихыу я ябыдащ, кьыкIэлъыкIуэу а щIыпIэ дыдэм щыIэ Маркс кьалэм и мэрри абы кIэлъыгъэжащ.

Мэлыжьыхьым

Минск и метром

Белоруссием и кьалащхъэм и метром кьыщагъэуагъамымкIи цIыху 15-м я гъащIэр ихьащ, 214-м фэбжь кьахригъэхащ. Официальнэу кьызэрагъэтыжмкIэ, зи акъылыр зытемыс цIыхуитIым абы лагъым щыхьэри зэштегъэу папщIэу я кьыщагъэуащ.

Команданте и «бжьыхьэ»

1959 гъэ лъандэрэ Кубэм и унафэщIу щыта Кастро Фидель коммунист партым и ЦК-м и япэ секретарь кьулыкъур кьэгъэнащ. Апхуэдэ кьэралыгъуэхэм зэрыщыхабзэти, а кьулыкъур абы Iэщlитхьащ и кьуэш нэхъыщIэ Рауль.

«Москва» дыщэ

Лондон зыщыщызэпщIкIуэхэм я бжьыгъэм хэхъуащ. Ар и фIыгъэщ Мэкъуу и банкым и Iэтащхъэ Бородин Андрей. Кьалащхъэм и жьитым ар апхуэдизу куууэ иIэбащи, ар иратыжьхуэжьын папщIэ ахьшэ зэрытратэр ставкэкым и лъэныгъэр щIагъэхуэбжьэн хуей хьуащ. Хьэлэмэтракъэ: а банкым комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэх-щIэхьыпэ кIуэуэ щытащ, арщхьэкIэ хабзэм кьемызэгъыну зэи зыри кьыщагъуэтакъым. Лужковыр трагъэкIа иужьи.

Накьыгъэм

«Обамэ, уи кьуэш Усамэ дэнэ щыIэ?»

США-м и специазыр зи щхьэхуущытыжь Пакистаным и щIыналъэм кьыщетIысэхри, дунейм и террорист нэхъыщхьэ Усамэ БенЛаден яуклащ. Хьэдэр тенджызым хадзэжащ. А Iуэхугъуэхэм эфир занщIэкIэ кIэлыплъащ езы Обамэ Барак.

Аргэзрыжьти зыми ар и фIэщ зыхуакъым: американцхэм операцэр зэрекIуэкIар зэрытрахар Мазэм «зэрыщетIысэхар» кьызэрызэрагъэпэщам хуэдэущ.

Прохоровым игъэпэжакъым

Iуащхэм езыхэм я ныкъуэкъуэгъуэхэр кьыхахыж. Апхуэдэу властым Прохоров Михаил олигархыр кьигъэсэбэныну хэтащ («Iуэху захуэ» партым и Iэтащхъэ хъуну щыхунгъэлъэгъуам, мыарзэзхэр игъэщхьэрыуэн папщIэ. АрщхьэкIэ хъэрычэтыщIэм дзыхьыр игъэпэжакъым икIи езым и политикэ иригъэкIуэкIыжу хуежьащ. Апхуэдэу щыхьэм, проектри зэхуащIыжащ.

Дунейр щыкъутэжьынур аргуэру ягъэIэпхъуэ

Куэд дыдэм зэрыхуэгъэзащIкIэ, накьыгъэм и 21-м дунейр кьэкъутэжьын хуеящ. АрщхьэкIэ кьэпщIащ. Иджы 2012 гъэм и накьыгъэм и 21-м дынэплъэщ.

Мэкъуу зеубгъу

Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ кьэралым и кьалащхъэм и щIыналъэм хуэдэ 2,4-кIэ зиубгъащ, Калугэ областым нэс кьеIуэтэхри. Куэд щIауэ жаIэрт кьалэнIэ бдыхуэну зэрыпхъ тыпщыр, жьы хъуам и гугъуехьхэр зэфIэпх нэхъри. Идыкъ апхуэдэ Iэмали кьыкъужкIащ.

«Булгария» кхъухьыр щIелъафэ

Волгэ псым тета «Булгария» кхъухьыр Къэзан пэмыжьыжьу щыщIильэфащ. ЦIыхуи 122-рэ абы хэкIуэдащ.

Щыщхьэгум

ГъэлъэгъуапIэхэр щызэтракъутэ пащтыхьыгъуэ

Лондон кьалэм лъпкъ мащIэхэм щыщхэр уэрамым кьыщыдыхьащ икIи зэрыхьэзриншхуэ кьаIэтащ. Абыхэм тыкуэн гъэлъэгъуапIэхэр зэтракъутэрт, хьэпшыпхэр зэралъфалIэрт, автомашинэхэр ягъэсырт. Мыгувэу щIэпхъаджагъэм Инджылызым и нэгъуэщI щIыпIэхэри иубыдащ. Ар нэгъуэщI кьэралыгъуэм кьыщыхъуауэ щытамэ, НАТО-м и кьэралыгъуэм кьыщыхъуауэ щытамэ, Iэтахэм ядэIэпыкъуну нутIыпщынут.

ФокIадэм

«Локомотив» командэр хокIуадэ

Ярославль и «Локомотив» хоккей командэр зэрыса кхъухьлъатэ «Як-42»-р кьехуэхри, абы иса псорри, зы фIэкIа кьэмыгъу, хэкIуэдащ.

Путиным кьеГъэзэж

«Урысей зэкъуэт» партым и съездым Путинымрэ Медведевымрэ щыжаIащ я кьулыкъур зэрахъуэжьыну илъэсиплI и пэкIэ зэрызэгурыIуэр.

И жьэм текIуэджащ

Президентым и унафэхэмкIэ мыарзэныуэ зэрытепсэлъыхьам кьыхэжIыу, кьэралым и финансист нэхъыщхьэ Кудрин Алексей и кьулыкъум трагъэкIащ. Псоми гукъинэж ящыхьащ езыр фIэфIу и кьулыкъум зэрытекIым папщIэ заявленэ ихьыну Президентым кьыщыхуагъэувым, «Сэ премьер министрым сечеджэщын хуейщ», - зэрыжиIар.

Жэпуэхъум

ЦIыхухэм я бжыгъэр мелардибл ирокъу

Дызэрыщыгъуазэщи, Урысейм щыпсэухэм я бжыгъэр ныжьрей илъэсхэм хэщI зэпыпщ. АрщхьэкIэ, ООН-м и IэщlагъэлIхэр кьыдбзэджжэрп, жэпуэгъэм и 31-м кьалытащ щIым щыпсэум я бжыгъэр кьыщалъхуауэ. ЕмылIэщIэкIуэ пIэр? Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, куэд щIакьым цIыхухэр мелардих ирикъуэу 1999 гъэм зэратхэр.

Шалит капралыр кьеГъэлын

Израильм и армэм и капрал Шалит закъуэр Палестинэм щыщыщIэхэм щымыIэу, шоумен Галкин Максимрэ узэрэджьыIакIуэ Пугачевэ Аллэрэ зэрыпшащ. Аллэ и дежкIэ ар еханэщ.

ЧЕРНЫХ Сергей.

«Комсомольская правда».

КъэгъэуэныгъэхэмкIэ ягъэлъапIэ

Иракым щыпсэухэм залымыгъэкIэ демократиер хащIэну яужь зэритам зыри кьызэримыкIар наIуэ хъуащ США-м и дзэхэр абы зэрикIыжу.

ЗЭПЭЩIЭТ гупхэр кьаруущIэкIэ Багдад щызэпэщIэувэжащ. Иракым и кьалащхъэм зэкIэлъхьэужьу щэнейрэ лагъым лъэщхэр кьыщыкуащ. Абыхэм цIыху 65-рэ хэкIуэдащ, 185-рэ уIэгъэ хъуащ. Мы бжыгъэхэр кIэухкъым.

- А щIэпхъаджагъэхэр суннитхэмрэ шиитхэмрэ я зэпэщIэтыныгъэр зэрымыужьыхар кьэзыгъэльагъуэ Iуэхугъуэхэр, - кьелъытэ Къуэкъ Iыгъ - пIэ Гъэнэгъ м и институтым и эксперт Сергейч Сергей.

Зэпэщ Iэува лъэныкъуитIым ещанэу кьыщытщ курдхэр. Ахэр щIыдагъэкIэ кьулей Иракым и парламентым сунниту щIэс псори кьыщIигъэкъэбзыкIыну. Абы щыгъуэми суннитхэм ящыщ хабзэхъумэ кьарухэр «Аль-Каида»-м и закъуэкъым зыпэщIэтыр, атIэ шиитхэми йоазуэ. Суннитхэр Перс псыдзэлъэдапIэм и кьэралхэм даIыгъ.

- Сауд Хьэрыпыр хуейщ Саддам Хъусейн и зэманым кьигъэзэжыну, сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэм тепщэныгъэр ткIийт икIи властыр зыIыгъхэм уагурыIуэну нэхъ тыншт, - кьелъытэ КъуэкIыгъ - пIэ Гъэнэгъ м и институтым и эксперт Сергейч Сергей.

Зэпэщ Iэува лъэныкъуитIым ещанэу кьыщытщ курдхэр. Ахэр щIыдагъэкIэ кьулей Иракым и ищхъэрэ-къухьэпIэ щIыпIэхэм щопсэу. Абыхэм США-мрэ Израильмрэ щэхуу я щIэгъэкъуэныгъэ яIэщ.

Иракым и уз нэхъыщхьэр лъэныкъуэ псори властэ мылъкурэ зэрыхуейрэ икIи дэтхэнэ зыми нэхъ лъэщу зыкъызэриIэтыжырщ. США-р дэIэпыкъунущ къэралыр зэкъуэзыгъэувэфыну Iэтащхьэ кьыкъуэкIмэ. АрщхьэкIэ «Аль-Каида»-ри зыхущIэкъур дуней псом мусулымэну щыпсэур зэкъуигъэувэныщ. Хэт ищIэн а зэпэщIэтыныгъэм щытекIуэнур?

ВОЛКОВ Константин.

«Известия».

● Ирак

Нобэрей Багдад и уэрамэм.

Бжыгъэхэм я бзэкIэ

● ГъэщIэгъуэнщ

♦Властым хуэгъэзэ щIэпхъаджагъэ мин 28-рэ Урысейм нэгъабэ щалэжьащ. Кьэралым и Прокурор Нэхъыщхьэ Чайкэ Юрий Федерацэмкlэ Советым щиуIа докладым кьыззрыгъэщымкIэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм хэпщIыкIыу нэхъыбэрэ хабзэр кьызэпауд хуащ, Iулъхьэ кьеIызыхъэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ хэхъуащ.

♦Белоруссием щыпсэухэм и процент 55-р хуейкъым Урысейм и гъусэу зы Кьэралыгъуэ зэгуэт кьызэрагъэпэщыну. Нэхыбэр щыщIэхуэпсыр Европэ Зэгурыlуэныгъэм хихьэнырщ. Урысейм зэпыщIэныгъэ быдэхэр хуаIэну хуейр зэрыхьэр процент 20,4-рэщ. ВЦЦПОМ-м иригъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм кьызэрагъэпэщащ, УФ-м щыпсэухэм я процент 46-р арэзыкым Кьэралыгъуэ зэгуэт Белор уссием дауэхуну. Абы хуейр зыщIэупщIахэм я процент 25-рщ.

♦Доллар мелуан 13,95-рэ уасэу хуигъэуващ «Costa Coffe» кофе дунейпсо сетым и дегустатор нэхъыщхьэ Пелличчи Джеларо и бзэгум. Зыхуей щымыщIэу псэуну Iэмал кьезыт и Iэпкlъэпкъым щыщ а Iыхьэм зыгуэр кьыщыщIмэ, апхуэдизу мыльку кьратыжыну иджыблагъэ страховкэ льапIэ иригъэщIащ.

♦Европэ Зэгурыlуэныгъэм и кьэрал 27-м щыщ цIыху мелуан 20-м нэгъабэ лэжьапIэ кьалъыхьауащ. Iэнатlэнщэхэр щынэ хьыбэщ Испанием, Латвием, Литвам. Лжьапlэ зимыIэжр щынэхъ мащIэ дыдэр Нидерландэрщ - проценти 2,8-рэ.

«Эхо планеты» журнал.

НапэкlуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

●ДифI догъэлъапIэ

Телъыджэхэр зи Iэрыкl

УФ-м и щIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман илъэс 70 ирокъу



Пащты Суфэдин и къуэ Герман графикэм и мастер цIэрыIуэш. Абы и Iэдакъэщ Iэкlэкъэ щIыпIэхэми къыщыхэIуаха гъэлъэгъуныгъэ куэдым хэтащ, и гравюрэхэр газет, журнал Iэджэм ихуащ, тхыльхэр ирагъэщIэрэщIащ.

ИДЖЫРИ школым щеджэу Пионерхэм я унэ (иджы Сабий творчествэмкIэ унэщ) Налшык дэтым и сурэтыщI студием и унафэщI Ткаченкэ Андрей гу лытат Герман сурэт щIыным зэрыдихьэхым, ар мыпейуи къызэрехьулIэм. Гъуазджэм зыIэпишэ сурэтыщI ныбжьыщIэр абы нэхъри Iуэхум тригъэгушхуащ икIи Греков М. Б. и цIэр зэрихьэу Ростов дэт художественнэ училищэм 1957 гъэм щIэтIысхащ. Живописнэ-педагогикэ къудамэм щIэсыху абы щIэ куэд кьищIащ, псом хуэмыдэу уасэ зимыIэт Михайлов Герман и дерсхэмэ я чэнджэщхэмэ. 1964 гъэм ягъ дыдэу республикэ гъэлъэгъуныгъэ хэтащ Пащтыр, кьыкIэлъыкIуэ ильэсым и щхьэзакъуэ выставкэ Налшык кьыщызIуихащ. 1967 гъэм ар СССР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгухьныгъэм хагъэхьащ.

КъыкIэлъыкIуэу Герман и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Львов кьалэм дэт Украинэ политехнический институтым. Ар кьыщиухым игъэхъэныра диплом лэжьыгъэм («Горской песни два крыла» тхылтым и проектым) и унафэщIу щытар ксилографием и мастер Овчинников Владимирт, рецензентыр искусствовед цIэрыIуэ Островский Григорийт. Лэжьыгъэр фIы дыдэу кьехъулIауэ зэрыщытам и щIыхьтэ тхылть гуязазджэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыхь тхылтым и етIуанэ нагъыщэр проектым кьызэрыхуагъэфщаг.

Гугъущ занщIэу укъызыхуигъэщIар, нэхъыфIу къохьулIэр кьыхэбгъэбедджьылыкIыну, уи хьэтI щхьэхуэ зэбгъэпэщыну, «уи макькIэ» укъэпсэлъэну. Аращ итхэ зыбжанэкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр кьигъэсэбэпурэ зыщымысхьажу Пащтыр щIэлажьэр, «многостаночник» цIэр кьыкIэрыщIауэ. Абы зрепщыт мозаикэми, росписми, сцено-графиеми, нэгъэущIхэми. Пэжыр жыпIэмэ, дэтхэнэ зыри гъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу, узыIэпишэу кьохьулIэ. Псом хуэмыдэу ар дехьэх гравюрэм, сурэтхэр пхъэм тещIыхьыным. 70 гъэхэм Герман и гравюрэхэр пкъыфIэ дыдэ мэхъу.

Творчествэ щыIэкъым уи Iэдакъэщ Iэкlэмкl Iэ жыпIэну узыхуейр пыухыкIауэ умыщIэмэ, уи бгъэдыхьэкIэ ухуимыIэжмэ - аращ Пащты Герман и гущаэр. Арагъэнщ и гравюрэхэм нэгъэщI Iэкъым, ауэ бгъэдыхьэкIэ щIигъэIейтейр.

Сурэтыщ Iым и гур зыхуэунэ Iуэхуэхэр куэд мэхъу. Дунейм и дахагъэр къэгъэльэгъуэныр, портретхэмрэ натюрмортхэмрэ щIыныр, тхылъхэр гъэщIэрэщIэныкъэ экслибрисыкъэ (тхылъ дамыгъэ), театр лэжьыгъэр, живописмрэ керамикэмрэ. Апхуэдэуи ильэс куэд щIауэ щригъаджэ Красноярск художественнэ институтым и гъэсэнхэм, Художественхэмкl Iэ Урысей академием и Красноярск къудамэм и мастерскойм и аспирантхэм ядэлэжьыныр, СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм ксилографиемкIэ и студием щыхуэзэрыкIэр.

Сурэтыщ, полиграфием и Iэщ Iагъэ Iэ Пащты Герман творчествэ лэжьыгъэм зэрыпыщIа ильэс тхущIым нэблагъэм къриубыдэу «Советский писатель», «Современник», «Мерани» (Куржы), нэгъэущI тхылъ тедзапIэхэми ядэлажьэуэ, тхылъ куэд дыдэ къыдигъэкIащ. Абыхэм художественнэ, жылагъэ, къэрал саугъэтхэр зыхуаумыгъэфэща, гъуазджэм и хэлъхьэныгъэ нэс мыхьуа яхэтхым.

Профессор Пащты Герман 1989 гъэ льандэрэ Красноярск щрегъаджэ, къэрал художественнэ институтым и «Тхылъ гъуаздж» творческэ мастерскойм и унафэщIи. Мыбы зэрыщыдлажьэ зэманым кьриубыдэу сурэтыщIым кьыдигъэкIащ Лермонтов Михаил и «Кавказ поэмэхэр» (и бжыгъэкIэ мин 200 хьууэ), Пушкиным и «Тхыгъэ кьыхэхэхэр» тхылъхэр, «Суриковыр - Сыбырым», «Красноярск и ксилографхэр» альбомхэр. Сурэтыщ Iым Пушкиным и «Тхыгъэ кьыхэхэхэм» пащIэ Пушкин А. С. и цIэкIэ щыIэ дыщэ медалыр, Суриковым и альбомым пащIэ - Сыбыр жармыкIэм и дыщэ медалыр, Лермонтовым и «Кавказ поэмэхэм» щхьэкIэ - Художественхэмкl Iэ Урысей академием и дыщэ медалыр къратащ. А псомки къадэкIуэу, Красноярск художественнэ институтым кьызэригъэпэщащ сурэтыщI-график ныбжьыщIэхэм, тхылъ зыгъэщIэращIэхэм я школ. Пащтым и лэжьыгъэхэр еджаГуэхэм зыпкъ зэрыщытам, и творчествэм щIэныгъэ зэрыщIэнымрэ, Пащтыр апхуэдэкъым, и творчествэм абы дэрэжэгъэуэ хихьыр.

СУРЭТЫЩI лIыжь гуэр Кьуэкlыпlэ Гъунэгъум щыщ къэралым щыпсэурт. Ар езыр адыгэт икIи лэжьыгъэ зыкьомкI иЭт зыщыщ лъэпкым, хамэщым щихь гъащIэм теухуауэ. Ныбжьыщ Iэ дыдэу сурэт щIым щидзат абы. Ауэ зы тхылымпIэ кIапи зы мывэ сыни игъэльагъуэртэкьым, сыт щхьэхэ жыпIэмэ, а Iуэхум е кьякIынут, щIалэщIэр игъащIэкIэ и мурадым хагъэкIыжынут. Арат диным и хабзэр.

Лблыжьыр и Iуэхум хуемыджауэ, абы дэрэжэгъуэ химыхауэ дунейм ехьижащ. Кьэралым диным и кIапсэ ткIийр нэхъ тIасхэз щихьэуати, абы и зы гъэльэгъуэныгъэ а щIыпIэм щыIэ Адыгэ Хасэм щызэхэтащ. «Си Хэку - си уэрэд!» - арат лIыжьым и выставкэм фIащар. Абы щIэлът Iуащхьэмахуэ и теплъэ, бгырыкъэхэм я сурэт, кавказыпс хэр кьэзыгъэльагъуэ эскизхэр. Адыгэ хэкужьыр лIыжьым и нэгум эзи зэрыщIэмыкIам и щIихьэтт а псори. Апхуэдэ зыгуэрщ Кьыщокъуэ Алим и Iэдакъэщ Iэкlэр зытриусыхьар:

Гум илъ кьэпым кьыщэщауэ
Сыт гуэдз хьэдзэм и насыпI?
Губгъуэ гъ уэгум
дыкьинащи,
Кьуалэбзухэм дыкьащIи.
А гуэдз хьэдзэр щIым
хэлъхьэжи,
Жьым дзэджэгуу
кьэкIыжынщ.
Уи щIынальэм
лъабжьэр хэкIэм,
Уэ жьлапхъи ухъ ужынщ..

1978 гъэм Пащты Герман Сирием, Иорданием щIаIащ. Зи гугъу тщIа лIыжькым и лэжьыгъи илъэгъуат, и псэухIами щIэупщIат. «Бетэмал, тхьэмадэр еджэгъамэ, льэпкым куэд хуищIэфынут, - и гур иригъэуу Пащтым щыжIаIуэ щытащ Адыгэ Хасэм.

ЩIыпIэ куэдым и лэр нос Герман. Щыхум ищIа псом и мыхьэнэр зыхихIэну, иджыри къэс кьимыгъэтар кьипльхьэну, къуэсапIэм, насыпым щIэкъуу адрагъэ щIалэр гъуэгу щIытехьэр. Абы кьалэ ну зи кьызэхикIу хьащ, ауэ ар нэхъ дзэлъхьэр дуней псом щыщIэрыIуэу Лейпциг дэт сурэт галереерэ. Пащтым гуапэу кьыщыIущIащ Герман-совет зэныбжьэгъуныгъэм и унэм, абы кьэкIуалIэхэм адыгэ щIалэм и лэжьыгъэхэр ирагъэльэгъуащ.

Хэкум кьыщигъэзэжым и деж илъэгъуа псор япэу зы хуиIуэтэжи ныбжьэгъу пэжу Герман иIащ сурэтыщI Аккиров Екьуб. Германрэ Екьубрэ я мастерскойхэр зы унэм щIэтт; ахэр кудрэ зэхуэдэжщырт, зым къе хьулIа лэжьыгъэм адрейр иригъуфIэр т, ирипагэр т.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и егъэджакIуэу щыта Абдокьуэ Iэуес Герман и гущIэм щхьэкIэ итхат:

- Пащтым и творчествэр цыху псомэ зэхуэдэу яхуэгъэзащ. Абыкlэ Герман и гъащIэр гъэщIащ. ЩыIэщ цыху и IэщIагъэм фейдэ фIэкIа зыри кьыпхихьи мурад имыIэу. Пащтыр апхуэдэкъым, и творчествэм абы дэрэжэгъэуэ хихьыр.

СУРЭТЫЩI лIыжь гуэр Кьуэкlыпlэ Гъунэгъум щыщ къэралым щыпсэурт. Ар езыр адыгэт икIи лэжьыгъэ зыкьомкI иЭт зыщыщ лъэпкым, хамэщым щихь гъащIэм теухуауэ. Ныбжьыщ Iэ дыдэу сурэт щIым щидзат абы. Ауэ зы тхылымпIэ кIапи зы мывэ сыни игъэльагъуэртэкьым, сыт щхьэхэ жыпIэмэ, а Iуэхум е кьякIынут, щIалэщIэр игъащIэкIэ и мурадым хагъэкIыжынут. Арат диным и хабзэр.

Лблыжьыр и Iуэхум хуемыджауэ, абы дэрэжэгъуэ химыхауэ дунейм ехьижащ. Кьэралым диным и кIапсэ ткIийр нэхъ тIасхэз щихьэуати, абы и зы гъэльэгъуэныгъэ а щIыпIэм щыIэ Адыгэ Хасэм щызэхэтащ. «Си Хэку - си уэрэд!» - арат лIыжьым и выставкэм фIащар. Абы щIэлът Iуащхьэмахуэ и теплъэ, бгырыкъэхэм я сурэт, кавказыпс хэр кьэзыгъэльагъуэ эскизхэр. Адыгэ хэкужьыр лIыжьым и нэгум эзи зэрыщIэмыкIам и щIихьэтт а псори. Апхуэдэ зыгуэрщ Кьыщокъуэ Алим и Iэдакъэщ Iэкlэр зытриусыхьар:

Гум илъ кьэпым кьыщэщауэ
Сыт гуэдз хьэдзэм и насыпI?
Губгъуэ гъ уэгум
дыкьинащи,
Кьуалэбзухэм дыкьащIи.
А гуэдз хьэдзэр щIым
хэлъхьэжи,
Жьым дзэджэгуу
кьэкIыжынщ.
Уи щIынальэм
лъабжьэр хэкIэм,
Уэ жьлапхъи ухъ ужынщ..

Сэ сыхуейт абы и творчествэр ефIэкIуэну, лъэныкъуэ куэд кьызэщIиубыдэу зиужыну. СурэтыщIым сурэт ищIым щхьэкIэ и къуэлыкIым хуабжьу зригъэужгъуныр Iэмал зимыIэщ, литературэми хищIыкIыу, писалъэр игъэIуэрыщIэу щытын хуейщ. ГукъэкIыж куэд иIэщ Герман, сурэткIэ и мызакъуэу псалъэкIэ къиIуэтэн хуейуэ.

Краснорск и къулыкъущIэхэмэ я сурэтыщIхэми къабгъэдэжIыу псалъэ гуапэ Iэдэжэ зэхэсхащ сэ Герман щхьэкIэ. Творческэ щIыху гуащIафIэм бгъэдыхьэкIэ къахуегъуэтыф нэхъыжьми нэхъыщIэми, псом хуэмыдэу иригъаджэхэм. ЖыпIэнурамэ, абы зэрыгушхуэн и Iэщ.

Герман и гравюрэхэм сыщеплъкIэ, и Iуэхум фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр, сурэтыр пхъэм къыхэгъэжыкIыным зэрыхуэIэкIуэр, зэлэжьымрэ езымрэ яку зэпыщIэныгъэ быдэ зэрыдэхъыр наIуэ сщохьу. Ди кэнлограф, нэхъ лъэщ дыдэхэм Герман ящыщу сэ къызолъытэ.

ОБРОСОВ Игорь,
академик, Урысей Федерацэм и щIыхубэ сурэтыщI, УФ-м и Кэрфэл саугъэтым и лауреат.

Псэм щыщ Iыхьэ

Сэ си дамэхэр сэкъатынщэ, ахэр кьарууфIэщ. Иджыри къэс зыри здэщымыIа дуней жьжьэхэм, дуней мыщIыхуэхэм сэ сыльэтэнщ, сыльэтэнщ дахагъэ мыухьижым, дыгъэм, хъуэпсапIэхэм я льахэм.

МУКА ЛОЮСЖ Iор лёнис.

БЖЭМ КЬОУIУ зыгу эр. Бжэр Iуахырыкъым. Бжэм аргуэру кьоуIу. Ар емыдзэшьжу кьоуIу. Зы сыхьэткIэ, зы махуэкIэ, зы илъэскIэ... КЬоуIу, кьоуIу... Абы ещIэ: куэдрэ уэзуIур, гува-щIэхами, Iуахынщ.

Щыlэщ нэгъуэщI щыкlэкlи - зэ фIэкlа уемыгуу бжэр Iуахыжу. Апхуэдэр кьыдзэкъулIэр мин бжыгъэм щыщу закъуэтIакъуэщ. ЩIэныгъэм и бжэр Ломоносовымрэ Энштейнрэ занщIэу хуэIуахэщ. Поэзием ейр - Пушкиным, Лермонтовым, Щоджэнщыкlу Алий. Сурэт щыным и бжэр зэIуахагъэхэт Репин, Айвазовскэм, Чюрлёнис сымэ щхьэкIэ.

График Пащты Герман зи гугъу тщIы а бжэм куэдрэ бгъэдэтакъым. Адыгэ щIалэм псори тынщу кьехъулIэр т, и гъуэгур бгъуфIэт, убзыхуат. СурэтыщIыр ильэс тIощIрэ плыирэ щрикъум абы и выставкэ Налшык щыIэхэтащ. Пащтым и лэжьыгъэ 73-рэ ильэсыгъуащ гъуазджэм дихьэхыу абы кьрихьэлIэхэм. Гукъинэжт Герман и с урэтхэу «Ленинград», «Щидухэр», «Гущхьэмахуэ», «Ван-Гог», «Макьамэ», «Республикр зи щагъэвым» зыфIищащэр, нэгъэущIхэр.

Пащтым и Iэдакъэщ Iэкlэм псалъэнщэу жаIэр зыщ гъуазджэм и бжэм куэдрэ бгъэдэтын дэн къэна, атIэ занщIэу иригъэуIэщыкIри, ар тегушхуауэ щыхьат щыху псори зыхуэхъуагъэ я гъэунэхуплI тедыджэм.

Герман зэгу эр сеупщат: «Сурэт щыным, гъуазджэм дауэ удихьэха, уи апIэ лъэбакъуэхэр сыт хуэдэу щыта?»

- СощIэж, сыщыкIу, пэщIхьэку дакьэм сытесу, блынджабэм гукIэ сурэтхэр кIэрысщIыхьу зэрыщытар. Бгуэрэхэр тхын щыщIэздзами, абы щхьэхуэу зыми сыхуриГъэджакъым. Нэхъ иужьыIэкIэ, кьалэм дыкьыщIэпхъэуэм, сэ Пионерхэм я унэм сурэт щыным хуэзыгъасэу щIлIэ гупым зыхьIэогъатхэ. Ди унафэщI Ткаченкэ Андрей кьыдита апэ дерсхэр сэбэпышхуэ кьыхсхуэхуащ. Ньвов кьалэм кьыщыхуэха полиграф институтым сыщеджэну, сыдихьэхыу щыгъуазэ зэхуэщIащ ящыс сурэтыщIхэу Фаворскэм, Кравченкэ, Константиновым, Калита сымэ я творчествэм. Аээри кьыщIолытэ си гъэсэжьуэу, ущиякIуэ.

- Уи лэжьэкIэм, уи Iэ дакъэщIэкIэхэм уеплIмэ, уэ псори тынщу кьохьулIэу кьыпщохьу. Апхуэдэу пIэрэ ар? - щыжысIэнкI жэуапу кьызэтпыж:

- Куэдрэ сымылажьэу щытамэ, си Iуэхур езмыгъэфIакIуэтэмэ, тынщу зыри кьызэхьулIэнтэжыщ. Сэ си кьалэн нэхъыщхьэр зыщ: лэжьэн, зэпымыIууэ лэжьэн!

Герман и псалъэхэм уиг у кьагъэкI Бетховен жиIэгъар: «Гъуазджэр псом нэхърэ нэхъыфIу зыльагъу художникыр зэи зыхуэзарэзыжькъым икIи ар япэкIэ кIуэным сытым дежи хущIокъу».

МАХУЭР дах эт, уафэр бзыгъэт, кьуршхэм тельэ уэсыр дыгъэм пэлыдыкрт. Герман, дзапэ уэрэдыр кьуршрэ и мольбертыр зэIухауэ, Шхельдэ сурэт тришIыкIыр. Абы и гупсысэхэр иныгът Хэкум и дахагъэм, абы и уардагъэм, Зы напIэзыпIэм Пащтым блэжащ щIалэ сырыкуу гуэр, икIи кьуэ куум льэмыжу зэпрыдза мылымкIэ иунэтIащ.

- Ей, кьуэш! Кьэуныlэ! Сыт пщIэр?! - егуоуащ абы Герман.

Щымыкьым, Герман и Iэмэпсымэхэр кьитГанэри, абы кIэпыщIэпхъэщ, гу завэу. ЩIалэр зыщIэзывыйыкIыжри, урысыбзэ ныкьуэкIэ кьеупщIащ:

- Сло кьэхъуар?

- Зыри, кьуэш. - Пащтыр еIэбыхри, мыл кIанэ кьищтащ. - ЕплIыт а уэзрыкIуэну «льэмыкьым» и быдагъым.

«Льэмыкьым» мылыр щытехуэм, кьачэри пхрыхуащ. ЩIалэ сырыкуми, Iэнкуну зы тэлай щыта нэужь, зыкьыздри, Герман Iэплlэ кьых уищащ: «Иджыри кьэс сэ кьуэш сиIакьым, ауэ нобэ щыщIэдзауэ уэикъуэшу сольэтэ. Мэзуl»

Апхуэдэ щыкlэкIэ Пащтым ныбжьэгъу кьыхуэхъуащ Лейпциг щыщ нэмыщ щалэ Цуммре Вольфганг. ИльэсиI ну зэдкIэ зэхуэтхащ дхэр. И ныбжьэгъум иригъэблагъэр Герман зыбжанэрэ Германием щIащ. Абы кьалэ ну зи кьызэхикIу хьащ, ауэ ар нэхъ дзэлъхьэр дуней псом щыщIэрыIуэу Лейпциг дэт сурэт галереерэ. Пащтым гуапэу кьыщыIущIащ Герман-совет зэныбжьэгъуныгъэм и унэм, абы кьэкIуалIэхэм адыгэ щIалэм и лэжьыгъэхэр ирагъэльэгъуащ.

Хэкум кьыщигъэзэжым и деж илъэгъуа псор япэу зы хуиIуэтэжи ныбжьэгъу пэжу Герман иIащ сурэтыщI Аккиров Екьуб. Германрэ Екьубрэ я мастерскойхэр зы унэм щIэтт; ахэр кудрэ зэхуэдэжщырт, зым къе хьулIа лэжьыгъэм адрейр иригъуфIэр т, щыжысIэнкI зэхуэдэу:

- Куэдрэ сымылажьэу щытамэ, си Iуэхур езмыгъэфIакIуэтэмэ, тынщу зыри кьызэхьулIэнтэжыщ. Сэ си кьалэн нэхъыщхьэр зыщ: лэжьэн, зэпымыIууэ лэжьэн!

Герман и псалъэхэм уиг у кьагъэкI Бетховен жиIэгъар: «Гъуазджэр псом нэхърэ нэхъыфIу зыльагъу художникыр зэи зыхуэзарэзыжькъым икIи ар япэкIэ кIуэным сытым дежи хущIокъу»...

МАХУЭР дах эт, уафэр бзыгъэт, кьуршхэм тельэ уэсыр дыгъэм пэлыдыкрт. Герман, дзапэ уэрэдыр кьуршрэ и мольбертыр зэIухауэ, Шхельдэ сурэт тришIыкIыр. Абы и гупсысэхэр иныгът Хэкум и дахагъэм, абы и уардагъэм, Зы напIэзыпIэм Пащтым блэжащ щIалэ сырыкуу гуэр, икIи кьуэ куум льэмыжу зэпрыдза мылымкIэ иунэтIащ.

- Ей, кьуэш! Сыт пщIэр?! - егуоуащ абы Герман.

Щымыкьым, Герман и Iэмэпсымэхэр кьитГанэри, абы кIэпыщIэпхъэщ, гу завэу. ЩIалэр зыщIэзывыйыкIыжри, урысыбзэ ныкьуэкIэ кьеупщIащ:

- Сло кьэхъуар?

- Зыри, кьуэш. - Пащтыр еIэбыхри, мыл кIанэ кьищтащ. - ЕплIыт а уэзрыкIуэну «льэмыкьым» и быдагъым.

«Льэмыкьым» мылыр щытехуэм, кьачэри пхрыхуащ. ЩIалэ сырыкуми, Iэнкуну зы тэлай щыта нэужь, зыкьыздри, Герман Iэплlэ кьых уищащ: «Иджыри кьэс сэ кьуэш сиIакьым, ауэ нобэ щыщIэдзауэ уэикъуэшу сольэтэ. Мэзуl»

Апхуэдэ щыкlэкIэ Пащтым ныбжьэгъу кьыхуэхъуащ Лейпциг щыщ нэмыщ щалэ Цуммре Вольфганг. ИльэсиI ну зэдкIэ зэхуэтхащ дхэр. И ныбжьэгъум иригъэблагъэр Герман зыбжанэрэ Германием щIащ. Абы кьалэ ну зи кьызэхикIу хьащ, ауэ ар нэхъ дзэлъхьэр дуней псом щыщIэрыIуэу Лейпциг дэт сурэт галереерэ. Пащтым гуапэу кьыщыIущIащ Герман-совет зэныбжьэгъуныгъэм и унэм, абы кьэкIуалIэхэм адыгэ щIалэм и лэжьыгъэхэр ирагъэльэгъуащ.

Хэкум кьыщигъэзэжым и деж илъэгъуа псор япэу зы хуиIуэтэжи ныбжьэгъу пэжу Герман иIащ сурэтыщI Аккиров Екьуб. Германрэ Екьубрэ я мастерскойхэр зы унэм щIэтт; ахэр кудрэ зэхуэдэжщырт, зым къе хьулIа лэжьыгъэм адрейр иригъуфIэр т,

Хуэдэхэр зырызыххэщ

КъБР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгухьэныгъэм Ткаченко Андрей и гъэсэнхэм ящыщ куэд дыхэтщ. Пащты Герман сурэтыщI Iэзэ зэрыхъуам ди егъэджакIуэм и фIыгъэ хэлъщ.

ТКАЧЕНКЭМ и гъэсэнхэр Ваннахрэ Пащтымрэ я сурэт гъэлъэгъуныгъэм дыщIошам щыгъуэщ Герман нэхъ нэIуасэ сыщыхуэхъуар. Пащтым абы щыгъуэ еджаплIэр кьиуха кьудейми, зэманым деклуу гупсысэ сурэтыщI зэчиифIэу зыкьыгъэльэгъуащ. И гъэлъэгъуэныгъэр щIащIыгъуэт: ЗИ Сурэтхэр зэпэтплъыхь, ЛЫПIэ иува сурэтыщI Ваннахрэ зи ныбжькIэ щIалэ Германрэ я Iэдакъэщ Iэкlэхэр зэплъытыну гъэщIэгъуэнт, гуапэращ, къызэрызэкIэрыхуащ щыIэу гу лыптэртэкъым.

ИужькIэ, сэри еджаплIэр къэзухри къэзгъэзэжауэ, КъБР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгухьэныгъэм дыщызэхуэзжащ. Ди республикэм къищынэмыщIауэ, нэгъэущI щыпIэхэми щекIужкI гъэлъэгъуэныгъэхэм Германсыт щыгъуи жыджэру хэтт. Абы хуэдэу зэчиифIэ-гъэ зырызыххэщ. Пащтыр ильэс 20-м щIигъуащ Краснорск зэрыщылажьэрэ, абы ксилографиемкIэ къыщызэIуиха студием и унафэщIу. Ди дежи апхуэдэ Iуэхуищ Iа къыщызэIуихыну и мурада щхьэкIэ, унафэщIхэм къыдаIыгъакъым. Ди жагъуэ мыхъуу кьанэркъым республикэм и сурэтыщI Iэзэм хэлъ зэчиифIэ нэгъэущI щIыпIэ къызэрыщигъэсэбэпыр. Герман къыригъэжьыну сурэтыщI зыбжанэм зыхуэдгъэза щхьэкIэ къытхуидакъым, ар икIи гурыIуэгъуэщ: и Iэщ Iагъэр мыбы къыщигъэсэбэпыну Iэмал иIэжьым.

Пащтым и бынхэри езым хуэфащэщ. И къуэр Герман и льагъуэм ирикIуэжауэ сурэтыщI зэчиифIэщ, Германием щолажьэ. И пхъур экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, Москва щрегъаджэ.

МЭРГЪУЩ Анатолэ.

Дэтхэнэ зы сурэтыщIми, гъуазджэм и цIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм дихьэх пэтми, и гум дыхьэу, и псэм нэхъ фIэфIу абыхэм ящыщ зы кьыхех. Пащты Герман дежкIэ ар пхъэм сурэт тещIыхьыныр - ксилографиерщ.

Ксилографием и лIыхъужь



Пащты Германрэ абы и къуэ Пащты-Хъан Алимрэ. *2007 гъэ*

XVIII лIэщIыгъуэм псэуа инджылыз сурэтыщI Бьюик Томасщ ксилографием и щхэр кьызэIуихыжащ. Пхъэр тIуэ зэгуигъэзри и зэгухьэныпIэм сурэтыр кьыхэпIущIыкIыну зэрынэхъ тынщыр кьыщIащ. Ксилографием и урыс школым 1920-1930 гъэхэм зиужьащ, Фаворскийр В. А., Кравченкэ А. И., Купрянов Н. Н. сымэ я фIыгъэкIэ. Арат сурэтыщI ныбжьыщIэ Пащты Герман иухуэн хуей «унэтъащIэм» и лъабжьэр.

Тхылъэр гъэщIэрэщIэн гъэхьыгъэм кьыдэкIуэу, сурэтхэр пхъэм Iэзэу кьыхеIуащIкI. Герман езым пхъэхэр егъэхьэзыр - кхъужьейм кьыхахахэр зэпех, егъэгъущ, быдэ хьун щхьэкIэ олифэм хегъэвыхь, а псом иужькIэщ сурэтыр кьыхэIущIыкIыным щыщIидзэр.

Ксилографие Iэмалкlэ ищIа апэ гъэхьыгъэр Герман щигъэзэщIар творчествэмкIэ «Челюскинская» унэрщ.

Герман щIыху гъэщIэгъэнщ, и акъылым, ныкъэхьым куэд кьызэщIиубыдэу. Абы сытым дежи щIыхуэхэм я образэр кьохьулIэ, я хьэл-щэнри, зэкуцIытыкIэри, зыщIыкIэ-зыIыкIэри кьегъэльэгъуэф. Апхуэдэщ абы и «Адыгэ хъуэхъуэхэр» гъэхьыгъэр.

Адрей сурэтыщIхэм Герман кьызэзыгъэщхьэкIыкIыр зыхуэщIэкъым, дэзыхъэхым зэрызамыхъуэжырщ. Псалъэм пащIэ, тхылъ игъэщIэрэщIэн хуей хьумэ, абы нэхъыбэрэ кьыхихыр усэхэрщ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэхэу абы фIыуэ ильагъуэхэм ящыщщ Кьыщокьуэ Алим, Кулиев Кьайсын, Бештокьуэ Хьэбас, урысхэм - Лермонтов Михаил, Пушкин Александр.

Пащтым и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ усакIуэм и Iэдакъэщ Iэкlэм сурэтхэр кьыгъэхьэзыр. XVIII лIэщIыгъуэм щыгъуэ зэрымыпхыр, атIэ абы бгъурыту, зэзэмызэми тхыгъэм и купщIэм и гъэунэгуэм техьэу, и гупсысэм зэрыригъэуэзэщIыр. Тхылъ графикэр театр щIыкIэу гъэпсащ. XVIII лIэщIыгъуэм щыгъуэ зэрыкъэзыщIам щыщIэ зэрыкIуэм тепщIыхьмэ, театрым спектакль щагъэльагъуэ, литературэ тхыгъэм и лIыхъужьхэр кьыхэщу тхылъым и къалэнгъэ щIыхуэщIэхэр зэрыщIэхуэ тхылъым и сурэтхэм сценэм и къалэнгъэ щIыхуэщIэ. И лэжьыгъэхэм куэдрэ кьыщегъэсэбэп бзыльхугъэм и теплъэр, хуарзэу, зымащIэкIэ щIым еIуСэу. АбыкIэ кьегъэльэгъуэ усакIуэм и хъуэпсапIэхэр, щIалэгъуэм и кьарум пщIэдейрей гъашIэм узэрыхихьэр. Апхуэдэуи щIыпIэ щхьэхуэ ещIыкIэ зыщIигъ мэлыхьуэм, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыкъ щIыхуэм и кьарур кьэзыгъэльэгъуэм.

Тхылъ напэкIуэщIхэм «ятепхъа» сурэт-дамыгъэ щIыкIуэхэми мыхьэнэшхуэ яIэщ абы итыр ун нэгу кьыщIагъэувэнымкIэ, теплъэр щIэщIыгъуэ ящIынымкIэ. Герман кьегъэльэгъуэ зи закъуэ роззэр, жьзум Iэрамэ гъэщIэгъэныр, пасэрей кумбыгъэм ит шэху уэздыгъэр, щыр, псым щес кхъухьыр, нэгъэущIэхэри. Псом хуэмыдэу зэмыщхьэрэ кьигъэльагъэу щыр Герман и гуащIэм уеупIэщхуэ щызыбыдад дамыгъэщ, щхьэхуитныныгъэмрэ дахагъэмрэ я дамыгъэщ.

И лэжьыгъэхэм яхуищI фIэщыгъэщIэмэ («Щыхуэбзухэр», «Зэлушэ», «Хъуэпсапlэхэр», нэгъэущIхэри) кьахощ Пащтым и гупсысэхэмрэ и мурадхэмрэ.

ЖыпIэнурамэ, сыт хуэдэ жыпIэмэри зи зэфIэкI лъагэ щызыгъэльэгъуэ сурэтыщI щIэрыIуэр ксилографием и классикэ жыпхъэм и лIыхъужь нэсщ.

БЕЗМЕНОВЭ Ксение,
Пушкиным и цIэр зезыхьэ ГМИИ-м и лэжьакIуэ, искусствоведенэм и кандидат.

ЩIыуэпсым и гъэсэн Iэзэ

Гъуазджэр, псом хуэмыдэу сурэт щIыныр, дахагъэм и хабзэхэмкIэ мэпсэу, ауэ абы и закъуэкъым кьызэщIиубыдэр. Сурэтыщым и гупсысэмрэ и адекъым кьыпIасэмрэ кьэзыгуэтэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэныщэщ ар.

ЗЭРЫХАБЗЭЩI, сурэтым и гъэзугуэнэр кIыхьщ. Дэ кьытхуэщIанкIэ Iэмал иIэкъым тльагъур ищIын щхьэкIэ абы сыт хуэдизрэ сурэтыщIыр егупсысами, елэжьами. Апхуэдэуи ди дежкIэ гугъущ сурэтыщIым и хъуэпсапIэхэр, и гупсысэхэр, и гурыщIэхэр зыхэтщIэну. Iэхэр зытетщIыхьыфынур а псом кьагъэщIа Iэдакъэщ Iэкlэхэр, абыхэм щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэщ. Абыхэм кьапкърыкIыу художественнэ произведенэр пэжу кьыбгурыуIэнэр, сурэтыщым и гуащIэм хуэфащэ пщIэ хуэпщIыфыныр Iэхку щыкIукъым.

Махуэ къэс тльагъу, ди нэIурыт хьэпшыпхэм, Iэхэугъуэхэм уи псэр зыгъэхуагъэ, уи нэр зыгъэгуфIэ щIэ гуэр хэлъэгъуэныр, езыр абы зэрыхущытыр къигъэльагъуэкIэрэ уи епльыкIэр абы хигъэпщкIуэныр зыхуэзэфIэкIыр сурэтыщым и закъуэщ. Апхуэдэу Пащты Германи и гуащIэм хьэбгъуэуэ и лэжьыгъэм зритхьэкъэмрэ Iэзагъэшхуэ хэлъу и Iэдакъэщ Iэкlэхэр кьызэригъэщIымрэ.

Художественнэ образыр, абы щIылъхьэ мыхьэнэр, графикэм е живописым хэлъ щэхуэр кьыщалъхуа щIынальэм ирипхыныр кьалэн нэхъыщхьэ зыщещIыж Герман. Ар икIи абы фIы дыдэу кьохьулIэ.

Герман кьызэрильытэмкIэ, дуней псори абы тет цIыхухэм я гъащIэри зы сурэтышхэщ, абы и Iыхьэхэр егупсысауэ сурэтыщI Iуэхуэм и Iэмалхэмкlэ гъэпсыныр художникым и кьалэнщ. «ЩIыуэпсыр - сурэтыщI тельыджащ, - жеIэ абы, - дэ абы дригъэсэн кьудейуэ аращ».

Тхылъ щигъэщIэращIэкIэ, абы итым Герман хуэщIыIэкъым, кьыфэмыуэхууи бгъэдыхьэфырыкъым. Апхуэдизкlэ тхыгъэ сатырхэм я мыхьэнэр пкърохьэ, абы щIэжьыуэу сурэтхэр ещIри, тхакIэм хуэдэ дыдэу езыри джэкIыным и автор мэхъу.

КЪУЭДЗОКЪУЭ Хьэсэн,
журналист. 1989 гъэ.

Япэ сатырым якум дэсыр Иуан Асльэнщ.

Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ

Ди тхыгъэр зытеухуа щІалэм и дуней тетыкІэ екІуи, Іуэхущафэ дахэхэм, бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ Іэзагъымрэ я хъыбар мызэ-мытІэу теташ ди газетым. Ар дохутыр Бкіуэльбакіуэ. Налшык дэт 2-рэ сымаджэщым операцІэ щащІ и Іэнатіэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Иуан Асльэнщ.

● Джэрпэджэж

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, а къалэнхэм къадэкІуэу, Иуанырэ КъБКъУ-м хирургиемкІэ и кафедрэм щолажъэ, медико-стоматологие къэралуниверситетым (Москва) хирургиемкІэ и кафедрэм и докторантурэм щІэсщ. Къинэмыщіауэ, Асльэн хуэмыдэкэрщ ди республикэм, къэралым щекІуэкІ жылагъэ Іуэхухэм. 2005 гъэ ІуанденІэрэ ар хэтщ «Урысей зэкъуэтэ политикэ партым. 2008 гъэм Иуанырэ Налшык къалэ советым и депутату хахащ. Апхуэдэу Асльэн и унафэщІиц УФ-м и ЩІалэгъуалэ Федеральнэ Зэхуэсым КъБР-м щиІэ щыныпІэ къудамэм. Депутат щІалэр щІэхьІхьыгъэ хэтщ республикэмкІэ, къэралпсо зэ хуэсхэм. Иджы дыдэ екІуэкІа хэхьныгъэхэм и пэ къихуэу Иуанырэ щыІащ къэралым и Президент Медведев Дмитрийрэ УФ-м и Правительствэм и У нафэщІ Путин Владимиррэ зи щІалэгъуэ парт лэжьакІуэ хэм драгъэкІуэкІа зэІуцІэм. Абы Иуанырэ къыщыпсэльащ, республикэм щыпсэу щІалэгъуалэм и гупсысэхэм, зыпэрыт Іэнатіэм, и Іуэ хущІафэжъ, улахуэм ятеухуауэ, зи щІалэгъуэхэм яхуэгъэзауэ «Урысей зэкъуэт» партым иригъэкІуэкІ политикэр диныгъы.

Зэ еплъыгъуэкІэ, ущыгуфІыкІын, уригушхуэн хуейщ къэралпсо утыкум ди щІынатІэм и щІэр фІыкІэ щызыгъэІу Асльэн хуэдэ щІалэ ди республикэм зэрисым. Зи щІалэгъуэхэм яхэль жыдзкрагъыр къэзытыныр, ахэр къэрал, жылагъуэ Іуэхуэхэр зэфІэхьныкъо хэшэныр УФ-м и Президент Медведев Дмитрии, ди республикэм и Ітащхьэ Къанокъуэ Арсеней, «Урысей зэкъуэт» политикэ партми зэуІуу яубзыхуауэ жылагъэм щрагъэкІуэкІ гъэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъ инхэм ящьыщІ. Ар захуагъэщ - къэкІуэнчр зей щІалэгъуэлэм гъуэгу етын, нэсу зиужьын папщІэ, Іэмал псори къыхуэзгъэпэщын, тегъэгушхуэн хуейщ, Аршхьэкіэ а гупсысэм пэщІэуэ Іуэху еплъыкІэ зиІэхэри щыІэщ. Ар хуэдэ хэр хущІокъу, адыгэ псалъэжьым зэрыжиІащи, «Іэмбатэ зэрымытым Іэтэ ирагъэувэну», «ер вы бжьаку зэрым къыргъэІыну».

- Хъыбар-гъэхэм и пэ кІыхьэу Москва щекІуэкІа зэІуцІэ иным сыкъыщыщпсалъэм щыгъуэ сэ жысІащ ди республикэм ис щІалэгъуалэм я зэфІэкІым, щІэныгъэм нэхъри хэхъуэныжкІэ, адэкІи зиужьныжкІэ къэралым, ди щІынатІэм щекІуэкІ политикэр быдапІэ лъэщ зэрыхъэр. Апхуэдэу кІыхьэзгъэщащ сэ схуэдэ Іэщ Іащ зэІэхэм мазэ улахуэу ику ину сом мин 19-м нэс къызэрахьыр. Зи щІалэгъуэу еджэнри, лэжьыгъэ Іэнатіэри, унагъуэри зэдзэзыхьхэм я дежкІэ ар зэрымымащІэри, къэрал, парт унафэщІэхэм ирагъэкІуэкІ политикэ Іущым и фІыгъэ кудэ абы зэрыхэтри наІуэ къэсщу, - жеІэ «Адыгэ псалъэм» и редакцэм кІыхтхебгъэза Иуаныи. - Си улахуэм теухуауэ жысІа псалъэхэр си «инИуэ» къагъэзывыжьну хущІэкъуащ зыгуэр хэр. Сэ иджыри Москва сыщыІэу, «Газета Юга»-м и кІыдэкІыгъуэ хэм яущиц зым тхыгъэ кІэщ къыт ехуащ сэ сэхъІаІуэ. Абы зэритымкІэ, къэсхь лэжьапщІэм теухуауэ къэрал унафэщІхэм я пащхьэм щыжысІар пщІыщ е апхуэдиз улахуэ къэзыхьыпІхьэ куэдым къалэжьыр иракъуу къаІэрыхьэркъым. Апхуэдэу журналистым етх къалэм дэт сымаджэщхэм я нэхъыщхьэхэм а Іуэхум теухуауэ зыри кІыпамыхауэ.

Иуаным зи гугъу ищІ тхыгъэ кІэщІ цыкІур щагъэхьэзырым езым зыри зыгъэрКІи кІеуепщІакъым. Къалэм дэт сымаджэщхэм я нэхъыщхьэхэмэ зэрызыхуагъэзэр телефонкІэри, аращ жэуап нэс къыщІыпамыхьифар. Республикэ сымаджэщым и унафэщІ Жыгун Аскэр и лъэныкъо, Ар захуагъэщ - къэкІуэнчр зей щІалэгъуэлэм гъуэгу етын, нэсу зиужьын папщІэ, Іэмал псори къыхуэзгъэпэщын, тегъэгушхуэн хуейщ, Аршхьэкіэ а гупсысэм пэщІэуэ Іуэху еплъыкІэ зиІэхэри щыІэщ. Ар хуэдэ хэр хущІокъу, адыгэ Асльэн хирург Іэщіагъэм зэрыриІажьэрэ илъэси 10-м щІигъуащ. Къинэмыщіауэ, ипэкІэ зэрыжьІащи, ар операцІэ хэр щащІ къудамэм и унафэщІиц, а кІулыкъур зэригъэзащІэм къыхэкІыу абы и улахуэм процент 15 къыхущІагъу. Абы и зэкъуэкъым - Иуанырэ медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, Апхуэдэ щІэныгъэщІэ зэриІэм щхьэкІи хирург щІалэм иджыри къыхуащІагъу процент 15.

- Си лэжьапщІэр зэрызэхэль Іыхьэ хэм ящыщщ щыщылажьэ сымаджэщым мазэ къэс хуэзэу зыбгъущІэрэ жэщ-махуэ псокІэ сызэрыщыпІырыр. Апхуэдэ лэжьакІэ мардэми ахъшэ бжыгъэ хэха хуоз - лэжьэгъуэ къэс сом миным нэс, - пещэ и псалъэ хэм Иуаным, кьиХь лэжьапщІэр зэрыт дэфтэрыр дигъэльаГъуурэ. - Дохутыр хэм яхэщ сэ нэ хърэ нэхь мащІи нэхъыбн къэзылэжь икІи абы щэ ху лъэпкъ хэпъкъым. Ди улахуэр тхуэзыгъэувар къэралыр, ар кьыгхуэзыбжъхэри зи Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэщ. Си лэжьыгъэми къэсхь улахуэми сыщІэукІытэн, си щхьэ щІесхьэхьын лъэпкъ хэпъкъым. Си къэпсэльэныгъэм зыгуэр къраХьу сагъэуЛъиину хущІэкъуу щыІэми, ар зыми къехъулІэнукъым. «Газета Юга»-м тета тхыгъэ кІэщІым хуэкІуэ жэуапыр пщІэ зиІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкІуэцІхэм щыжысІэмэ, сфІэнгъуэу, аращ редакцэм сыкъыщІэкІуар.

Хэт сыт хуэдэу гугъу зриІэхьми, цыху пэжым, зи Іэщіагъэмкіи щІэныгъэмкіи республикэм, къэралым я зыужьныныгъэм хуэлажьэ Іэщіагъэлі щыпкъэм, жылагъуэ лэжьакІуэм пцІы триПъхьэфынукъым. Мурадыфіхэр зи гъуэгугъэльгъуэу, Іуэху дахэхэр зи Іэужь Иуан Асльэн и екъуЛІэныгъэхэм хигъахъхуэу, ди щІынатІэм ифІ къыззэрыкІын жэрдэмыщІэ хэр къыхилъхьэу, и Іэнатіэкіэ, зэфІэкІкІэ, щІэныгъэкІэ гъаГанІщІэхэм нэсыну ди гуапэщ. Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Футбол

Зыгъэсэныгъэхэм щІадзэ

Нобэ «Спартак-Налшыкыр» Тырку мк1уащ мыгъэрей япэ зыгъэсэныгъэхэр абы щрагъэкІу экІыну. Ди командэр Анталием щыІэнущ щышылэм и 28 пщІондэ.

А ЗЭМАНЫМ къриубыдэу тренерхэр кІэлъыплъынущ командэм хагъэхьэнкІэ хьуну кьрагъэблагъэ футболистыІэхэм икІи ди щІалэхэм ныбжьыкІэгъуэ зэІущІиплІ ирагъэкІуэкІынущ. Щышылэм и 13-м налшыкдэсхэр ІуцІэнущ япэ дивизионым щыджэгу «Мор довия»-м, кьыкІэлыкІуэу, щышылэм и 17-м, абыхэм къапэщІэтынущ Украинэм и япэ лигэм хэт «Мегаллург»-р. Щышылэм и 22-м «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зэІущІитІ ирагъэкІуэкІыну трауХуащ: япэ гупыр хуэзэнущ Азербайджаным щыщ Баку и «Азал»-м, етІуанэр дэ джэгунщ Екатеринбург и «Урал»-м.

Щышылэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэр къекІуэлІэжынщ.

«Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым и япэ зыгъэсэныгъэхэр Налшык щекІуэкІынущ щышылэм и 12 - 21-хэм. ЕтІуанэу, щышылэм и 22 - мазаем и 4-хэм кьриубыдэу ахэр щызэхэсынущ Крымск кьалэм.

КЪЭХЪУН Бэ ч.

Дзюдо

Къэзахъстаным зыкъыщагъэльагъуэ

Щышылэм и 14 - 15-хэм Къэзахъстаным и Алма-Аты къалэм щызэхэтынущ дзюдомкІэ «Мастерс» зэхьэзэхуэр. ПщІэшхуэ зиІэ зэІущІэм зыкъыщагъэльагъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэнхэми.

КИЛОГРАММ 60 зи хьэльагъэм я деж ди республикэм и пщІэр щихьымэнущ Мудрэн Бесльэн, килограмм 66-рэ хьуХэм яхэту утыкум кьихьэнущ Джэданэ Алим, Къуэдзокъуэ Мурат щыбэнэнущ килограмм 73-рэ зи хьэльагъхэм я гупым.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

Бэнэкіэ хуит

Гъузий Мухьэмэд Кубокыр кьеХь

Мэзкуу областым хьихь Дзержинск къалэм Урысейм и Кубокыр бзэкІэ хуитымкІэ къхъыным теухуауэ щекІуэкІа зэшеуэм къралым и щІынальхэхэм я спортсмен 280-м щІигъу зэхуишэсащ. Абыхэм ветеранхэри яхтащ.

УРЫСЕЙМ и Кубокым щІэбэнахэм ящыщщ Бахьсэн куейм щыщ Гъузий Мухьэмэд. Килограмм 97 зи хьэльагъхэм я деж илъэс 61 - 65-рэ зи ныбжь бзнакІуэхэм ирагъэкІуэкІа кІэух зэІущІэм абы и хьэрхуэрэгъуу щышыта хэгъэрейхэм ящыщ Иванов Алексей хигъащІэри, бжьыпэр нубыдащ. Ди лъахэгъуэ Урысейм и Кубокыр, дыщэ медаль, щІыхь тхылъ кратащ.

Гъузий Мухьэмэд Бахьсэн куейм спортымкІэ и комитетым и унафэщІщ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Урысейм физическэ щэнхабзэм зыщегъэжьыным хущІа хэлъхьэныгъэм папщІэ ЩІыхь дамыгъэ кратащ. Алыдж-курым бзнэкІэмкІэ спортым и мастерщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Шашкэхэр

Республикэм и чемпионатым



МафІэдз Анатолэ, Максимов Владимир, Балькыз Батий сымэ.

Урыс шашкэжэмкІэ 49-нэ республикэ чемпионат дыгъэгъазэм и 17 - 25-хэм Налшык къалэ и «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекІуэкІащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ республикэм и шашист лъэщу 24-рэ. Абыхэм ящыщщ КъБР-м зыбжанэрэ и чемпион хъуа МафІэдз Анатолэ, спортым и мастерэу Максимов Владимир, Балькыз Батий, Артамоновский Владимир, Шаваев Владимир, Кузин Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри.

Зэхьэзэхуэм хэтахэр тІорыпТІэ зэдзэджэгуащ, зэм шашкэ хужьхэмкІэ, етІуанэм фІыщІэхэмкІэ. Псоми ефІэкІри, республикэм и чемпион хъуащ очкоп 7-м щыщу 6,5-р зыІэрызыгъэхьа Максимов Владимир. ЕтІуанэ увыпІэр кьихьащ МафІэдз Анатолэ, Балькыз Батий ещанэщ.

Максимовым бжьыпэр щиубыдащ дыгъэгъазэм и 25-м зэхэта урыс шашкэхэмкІэ блиц-зэпеуэми. ЕтІуанэ, ещанэ, еплІанэ увыпІэхэр Артамоновский Владимир, Дол Барэсбий, Балькыз Батий сымэ зэдагуэшащ.

Республикэм чемпионатым щытекІуа шашистхэм КъБР-м Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и щІыхь тхылъхэмрэ кубокхэмрэ ираташ.

ЕФЭНДЫ Ермэнбий.

Футболистхэм я зэхэхьэгъэ

Мэкъуауэ Илья Хьэжысуф и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм гущІыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащІэ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІу щытащ, щІыхь зиІэ суд ІуцІэ отставкэм щыІэ Мэкъуауэ Илья Хьэжысуф и къуэр, 1937 гъэм къалъхуар, и ныбжьыр илъэс 75-м иту 2012 гъэм щІышылэм и 3-м зэрыІаМкІэ.

Мэкъуауэ И. Хь. 1958 гъэм Старэ Пэскэн курыт школым и пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэу лэжьэн щІидзащ. ИужькІэ Лэскэн район щІыхьэ судым и суд заседанэм и секретарь ягъэуващ, 1960 гъэм и фронтІадэм Саратов юстицэ институтым щІэтІысхьащ, икІи лажьэурэ еджэ хъурИ, КъБАССР-м и МВД-м и следователу ягъэуващ. 1970 гъэм Мэкъуауэ И. Хь. кьыхуагъэфэщащ Тэрч куейм и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу къулыкъур. А Іэнатіэм ар илъэсиХым ехьэкІэ, Тэрч район щІыхьэ судым и щІыхьэ судьиуэ хахьхукІэ, пэрытащ.

ИужькІэ илъэс 20-м щІигъукІэ Мэкъуауэ И. Хь. суд Іуэхущ1аПІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ. 1982 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м Аруан район щІыхьэ судым и унафэщІу ягъэуващ, 1987 гъэм мэзыжьыхьым и 1-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм хахащ, илъэситІ нэхъ дэмыкІыу абы и унафэщІу ягъэуващ.

1998 гъэм щІышылэм и 1-м Мэкъуауэ И. Хь. щІыхь пылъу зигъэпсэхуну ягъэкІуащ, абы «Лэжьыгъэм и ветеран» щІэр фІащащ.

Сыт щыгъуи зэпІэзэрыту, гуащІафІэу щыт Мэкъуауэ И. Хь. къигъэльэгъащ суд Іэнатіэм гурэ псэкІэ зэрыхуэлажьэм и щапхъэ. Лэжьыгъэм зэрыхуэхьэлэлымкІэ, и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм, Іыхьлыхэм зэрахуэпэжымкІэ абы судьям и нэмыс лъагэр нэхъри иІэтырт.

Пенсэм кІуа иужьи Мэкъуауэ И. Хь. жылагъуэ гъащІэ жыджэрым хэкІакъым, ар езым и лэжьэгъуэхэм и опыт кьулей дыдэмкІэ ядэгуашэрт.

Мэкъуауэ Илья Хьэжысуф и кьуэм и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи дигу илъынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэ Іэнатіэ.

●Псапащіэ

Иджы газетым къоджэф

Дзэмыхь Жансурэт и щхьэгъусэ сымаджэм нэгъуджэ кьыхуэшэхуну Налшык къалэм и «Горнэ» хьэблэм щыІэ, щІыхуэм Іуэхутхьэбзэ щыхуащІ унэм кІуаш. Зыхуей нэгъуджэр кассэм исым щыхуиІуатэм, сом 400 зэриуасэр кьыжриІэри кьыхуишиящ. «Ан-на, сыту льапІэ, нэхъ пуду щащэ умыщІэу пІэрэ? Алыхь, апхуэдиз сымыІыгъ, пенсэри кьызамыта», - щыжиІэм, и щІыбагъымкІэ щыт щІыхьэб льагъ угъуафІэм, «Мыгу завэ, ди анэ, сэ кьыпху эсщэхунщІ», - жиІэри, и уасэр кассэм иритащ.

ЖАНСУРЭТ щІыхьэбым нэгъуджэм щІитар щэрэ мину кьыхилъхьэжьыну екъуэхьурэ и щІэмкІэ щыщІэупщІэм, «Заретэщ», - жиІэри, ауэ щыт машинэм итІысыхэри Іужьыжащ, «Хэтхэ уащыщ? Ущыпсэур дэнэ?», - жиІэу еупщІа щхьэкІэ жэуап кьиримытыжу.

Уиэм ягъэзэжкІу ар и щхьэгъусэм щыс ныбжьыкІэ ейуэ и гуапэ хъуащ. Нобэр кьыздэсым псапэшхуэ зыщІа Заретэ йохьэуэхьу! ИкІи щхьэгъусэм фІыуэ ильагъу «Адыгэ псалъэ» газетым иджы хуиту кьеджэф хьужащ.

Зытхыжар **ЯХЭГУАУЭ Бердщ.**

●КъБР-м щыІэ МВД-м

ЦІыхуитІ хэкІуэдащ, плІы уІэгъэ хъуащ

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и гъэуэгу плъыр-постым и гупым и пэжьакІуэхэу Владикавказ лъэныкъуэмкІэ Налшык къалэ дыхьэпІэм къалэн щэзыхькІ гупым 2012 гъэм щышылэм и 7-м Іэщэкіэ къатеуэ бзаджащІэр яукІащ.

Пщэдджыжьым, сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 45-м УГИБДД-м и инспектор Щхьэгъэпсо Хьэсэн и пащэм бзаджащІэр сэкІэ къеуащ, икІи абы иІыгъ АКС-74 Іэщэр зыІэригъэхьэри, къаХэуэу щІидзащ.

Абы полицеитІ хэкІуэдащ. Апхуэдэу полицэм и лэжьакІуэ 3-м, зы цІыку гъэзагурыкІуэм фэбжь ягъуэтащ. Ахэр нэхъ гъунэгъу сымаджэщым яшащ. Следствэ гупыр мэлажъэ.

БзаджащІэр зэгитим яубзыхуащ. Ар зэшыщІи щымыІажъэ, нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта Чеченов А. налшыкдэсырщ.

ЩІыпІэм къыщагъэтащ автомат, щакІуэ сэ, шэхэр.

Уголовнэ Іуэху къэІатэщ. «Перехват» Іуэхугъуэр иокІуэкІ.

* * *

Полицэм и лейтенант, УФ-м и МВД-м и Іуэхущ1афІэу Нашлык къалэ щІыпІэм и инспектор-кинолог Мамыщ Хьусен Руслан и къуэр 1980 гъэм къалъхуащ. Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм 2001 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м лэжьэн щыщІидзащ, иужьрей къулыкъуэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м пэрыуващ. Унагъуэщ, зы сабий иІэщ.

Полицэм и прапорщик нэхъыжь, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и 1-нэ ротэм и ДПС-м и инспектор Щхьэгъэпсо Хьэсэн Маркс и къуэр 1976 гъэм къалъхуащ. Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм 1997 гъэм фокІадзэм и 1-м лэжьэн щыщІидзащ, иужьрей къулыкъуэм 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м пэрыуващ. Унагъуэщ, сабиищ иІэщ.

Лейзехьэ хабзэхъумэр яубыд

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ 1967 гъэм къалъхуа къалэдэс цІыхубзым лей езыха икІи зыукІа бзаджащІэр. Лей зытехьам и хьэдэр Щ0джэнщІыкІымрэ Тэрчокъуэмрэ я уэрамхэм я зэхэкІыпІэм деж щІышылэм и 9-м къыщагъуэтащ.

Къэхъуар зыльэгъуагъэнкІэ хъунуэхэм зэрахэупщІыжьам, ирагъэкІуэкІа следствэ Іуэхугъуэхэм хабзэхъумэхэр щэч зыхуащІым и льэужьым трищащ. Ар 1980 гъэм къалъхуа, Налшык къалэмкІэ УМВД-м и участковэ инспектор щІ.

Іуэхур зэхагъэкІ.

Щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ

КъБР-м и Шэрдэж куейм «Аруан-Уштуи» федеральнэ гъуэгум и 22-нэ километрым деж «Сетра» автомашинэр зезыГъакІуэм рулыр хуэмыгъэзІуэрыщІэу щыщхьэпридзащ. Абы исащ Ставрополь крайм хыхьэ Буденовск къалэм щыщ турист 17. Зы цІыхубз хэкІуэдащ, цІыху зыбжанэм фэбжь яГъэтащ. Ахэр псори медицинэ Іуэхущ1апІэхэм яшащ.

Следствэ гупым насыпышагъэр къызыхэкІа щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ полковник Яковец Алексей зэрыжиІамкІэ, автобусым исахэм шынагъэншагъэ бгыРыпхэр къагъэсэбэпатэмэ, апхуэдэ фэбжь хьэлъэ кьрикІуэнутэкъым.

ЯІэщІэкІыну хэтами, къеХъулІакъым

КЪЭРАЛ кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм адрей хабзэхъумэхэм ящІыгъуу хабзэшІагъэкІэ Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэ гупым зэрахъэ хьэгъэщагъэр къызэрыдыныным, бандэ гупым хэтхэу КъБР-м и цІыхухэм яхуэгъэзэа щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэралэжьам къыхэкІыу къалъхьуэхэр зэраубыдыным икІи жэуапым зэрыраашэлІыным я къарур хуэзэщІегъэуІуэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмым пэщІэтыныжьмкІэ и центрым и лэжьакІуэхэм УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыщІым и лэжьакІуэхэр ящІыгъуу Бахьсэн куейм и щІыналъэм Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэ щащкІащ.

Іэщэрыпхъэрахэм яІэщІэкІын мурадкІэ, ВАЗ-21099 автомашинэм иуэздэжэм, ар полицэм и лэжьакІуэхэм Іэщэкіэ къахэуащ. Цыху мамырхэми, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм ирей лей къатеуэкъакъым.

Іуэхур зэхагъэкІ. БзаджащІэр хэтми яубзыхуащ. Ар 1974 гъэм къалъхуа, Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэ гупым щыІэжьэру яхэт Хьэжагуэ З.

Шэч ящІ ар хабзэхъумэхэм Бахьсэн куейм къащытеуа, апхуэдэуи 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м полицэм и подполковник Щхьэгъэм М. ЗыукІахэм яхэпщІэуэ.

ЩІыпІэм къыщагъэтащ Макаровым и кІэрахъуэ, тротил грамм 200 лъэщагъ зиІэ заводым щагъэхьэзэра электродетонатор зыщІыгъу къаГъуэ. Абы щыщІэщІ Іэмэпсымэ, радиостанц, «УЗРГМ» гранатэм и запал, Макаровым и кІэрахъуэм, АК-74, АКСУ Іэщэхэм я шэхэр, Бахьсэн, Шэджэм къалэхэм я топографие картэхэр, зэман кІыхькІэ пэчымэфыну ерыскъыхэкІэр.

Уголовнэ Іуэху къэІэтащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

●ДИ сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Иорданием щыщ адыгэ сурэтыщІ Іэзэ Хьэгъэндокьуэ Мукэррэм и щхьэгъусэмрэ и къуэрылъхуэхэмрэ и гъусэу. *Амман, 2002 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ЭХТЭХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Итэппан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

КьыдэзыгъэкІыгъэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетым и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щхьэхъэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм яда-лэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ щысмохэмкІэ - 42-22-88; еГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суРэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аХэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Ь тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщІ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и тиныгъэр хуэмыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпсалъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІыкІэ щыІэ урам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дзыцкі Соня, редактору ЩІхьэщмыщІ Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.), ПхытІыкІ Юрэ (1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэЗныкъуэгъу* Мыр-зэкъан ФатІимэ. *Компьютерыгъ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Ь тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.922● Заказ №18